# Baptist Hymns

201 hymns · numbers 1–212

*nziyo.com*

## Mwari ngaakudzwe—waita zvose,

Wakada nyika seyi, wakapa mwana;
Wakazvipira kuripira zvivi,
Wakazarura musuwo, tipinde.

KORASI
Kudzai She, kudzai She,
Nyika inzwai shoko,
Kudzai She, kudzai She,
Vanhu fara-i wo;
Uyai kuna Baba muna Jesu She,
Mumupe kukudza, waita zvose.

Ruponeso kwarwo, mutengo, ropa,
Vatendi vakaruvimbiswa naShe,
Mutadzi mukuru, kana watenda,
Ipapo, anosunungurwa naye.

Wakatidzidzisa zvinhu zvikuru,
Muna Jesu rufaro rwakakura,
Asi chishamiso chedu chikuru,
Chichakunda, kana taona Jesu.

## Nditungamirei, Jehovah,

Ndichifamba parwendo;
Ini, handina masimba,
Ndibatei noruoko.
Muponesi, Muponesi,
Ndipei masimba enyu;
Ndipei masimba enyu.

Zarura tsime remvura,
Mvura yokuponesa;
Ngandiwane kuratidzwa,
Kwomwenje waJehovah:
Mununuri, Mununuri,
Mwari inhowo yangu,
Mwari inhowo yangu.

Ndichisvika kuJordani,
Buritsa kutya kwangu;
Jesu, muri Muyamuri,
Ndipindei musha wangu.
Ndokukudzai; ndokukudzai,
Nziyo dzisingaperi,
Nziyo dzisingaperi.

# Jesu anogara neni,

Kunzwisisa handigoni,
Asi ndapiwa rufaro,
Nokuda kwaShe mumwoyo.

KORASI
Anonditungamira ’po,
Anondibatsira kwazvo,
Ndichamutevera zvino,
Nokuda kwaShe mumwoyo.

Kunyange ndinotambudzwa,
Kunyange Satan’ wonetsa,
Handingambotyi izvozvo,
Nokuda kwaShe mumwoyo.

Mwari, ndinokutenda-i,
Handidi kukuzeza-i,
Makandisimbisa kwazvo,
Nokuda kwaShe mumwoyo.

Sezva ndinopedza rwendo,
Nokuenda kudenga ’ko,
Ndichakudza Ishe kwazvo,
Nokuda kwaShe mumwoyo.

## Jesu, Mwana wakanaka,

Wakazvarwa Betrehem;
Wakaiswa muchidyiro,
Maidyira mombe wo;
Mai vakamurinda ’po,
Mwana achivata ’mo.

Wakaburukira ini;
Ndiwesimba Jesu She;
Imba yake ndeye mombe;
Wazvininipisa sei;
Wakafambidzana wo
Navachena vaiva ’po.

Paudoko hwake hwose,
Waida Maria sei,
Wainzwa mashoko ose
Aidzidza panamai.
Tose timuteverei,
Uyu wakanaka sei.

Meso edu achaona
Jesu nomufaro wo;
Mwana uyo ndiShe wedu,
Unogara ikoko
Wotiperekedza wo,
Agozotisvitsva ’po.

## Kure ’ko mudanga, hakuna nhoo;

KaIshe, ndiJesu, kazorore ’mo;
Nyeredzi dzedenga dzakatarisa;
KaIshe, ndiJesu, karere mu’swa.

Mombe dzinozeya; Mwana wamuka;
KaIshe, ndiJesu, hakambochema;
Ndinokudai, Jesu; tarisai pasi,
Nokundichengeta usiku hwose.

# Runyararo pausiku,

Tarisa, Jehova,
Wakauya panyika pano,
Mumuviri womwana kuno.
Chitarisa Jehova!
Chitarisa Jehova!

Runyararo, pausiku,
Vafudzi nehwai,
Bva ngirozi dzakazoimba,
“Hareruya!” pano panyika,
“Muponesi wauya!”
“Muponesi wauya!”

Runyararo, pausiku,
Vafudzi vakati,
“Handei; tiwone zvatakanzwa
ZvoM’ponisi, Mambo wenyika!”
Vakaona She Jesu
Vakaona She Jesu!

Runyararo, pausiku,
Isu wo, tose ’po,
Ngatiuyei pamberi paShe,
Tizvipire kwaari chose,
Muponesi mukuru!
Muponesi mukuru!

## Ndiani kudanga ’ko,

Unogwadamirwa ’po?

KORASI
Ndiye She wesimba rose,
Ndiye She wavanhu vose;
Ngatimugwadamirei,
She wavashe tikudzei!

Ndiani musango ’mo,
Wozvinyima kudya ’po?

Ndiani wochema wo
Pakavigwa Razaro.

Ndiani kumunda ’ko,
Unonyengetera ‘po?

Napachinjikano wo,
Ndiani wofira ’po?

Ndiani womuka zve,
Unotipa rugare?

Ndiani kudenga ’ko,
Unobata ushe ’po?

# Uya-i vatendi,

Fara-i vakundi;
Uya-i, O uya-i
KuBetrehema,
Mumutarire,
Wakazvarwa saMambo.

KORASI
O uyai, ngatimude,
O uyai, ngatimude,
O uyai, ngatimude,
Kristu, Ishe!

Imba-i ngirozi,
Kudza-i Jehova,
She Jesu ngaakudzwe
Kudenga uko,
Wakaberekwa
Atiponese tose.

She, tokukwazisai,
Makatipa rudo,
Makava somunhu
Mutiponese ’po,
Tofara tose,
Pakuuya kwake ’po.

## Farai nyika; She wauya,

Ishe wenyu kudzai!
Muzvipire,
Kuna Ishe,
Denga, nyika, imbai!
Denga, nyika, imbai!
Denga, denga, nyika, imbai!

Bvisa-i zvivi zvose wo,
Pamberi paMambo!
Achatipa
Zvakawanda,
Sezvo tinonatswa,
Sezvo tinonatswa,
Sezvo, sezvo tinonatswa.

Farai nyika; She wotonga,
Vanhu imbai nziyo!
Zyinku zvose,
Ngazviimbe
Kuna Jesu Mambo,
Kuna Jesu Mambo,
Kuna, kuna Jesu Mambo!

Achadzoka kuzotonga
Nyika yose pano!
Aratidze
Rudo rwake
Kuna vanhu vose,
Kuna vanhu vose,
Kuna, kuna vanhu vose!

# Isu tiri vachenjeri,

Tinotsvaka Ishe Mwari,
Nezvipo zvakanakisa,
Toenda kwaari.

KORASI
O! Tinotsvaka Jesu She,
Tinotsvaka rugare,
Tobatsirwa nenyenyedzi,
Tisvike kuna Ishe.

Ndinouya nendarama,
SaMambo ndinomukudza,
Arumbidzwe; asimudzwe,
SaMambo panyika.

Kunhuhwira ndinomupa,
Kuna Mwari She wedenga,
Vanhu vose kwose kwose,
Vachamunamata.

Ndinopa kuna Jesu She
Mura yake izivise
Vose zvokusuwa kwake,
Vaponeswe naye.

Wakamuka kuvakafa,
Ave M’ponesi wenyika,
Hareruya! Hareruya!
Nokusingaperi.

## Ndinonzwa Jesu Kristu,

Anoti kwandiri,
“Chinamata nesimba,
Ugoponeswa neni.”

KORASI
Wakandifira,
Pamuchinjikwa;
Zvivi zvangu zvabviswa,
Ndiende kudenga.

Ndakawana kwamuri
Simba renyu guru
Rokuregera zvivi,
Pamuchinjikwa wenyu.

Handina chimwe chinhu
Chokubvisa zvivi
Bya She makazviita,
Maiva Muponesi.

Panyika nokudenga
Ndokudza Jesu She,
Nokuti wandinatsa
Pamuchinjikwa wake,

## Jesu, mwana waMwari,

Wakasvika kwatiri,
Kuti abvise zvivi;
Hareruya! Muponesi!

Wakatukwa nesu wo,
Nokuda kwezvitadzo,
Tipiwe kanganwiro;
Hareruya! Muponesi!

Wakafira vatadzi,
Andichenese ini,
Zvino ari naMwari;
Hareruya! Muponesi!

Achadzoka panyika,
Achamutsa vakafa,
Tichaimba kudenga;
Hareruya! Muponesi!

# Jesu Kristu wakasiya denga,

Asvike pano kuzoberekwa,
Ndinoshamiswa kurangarira,
Wakatsvaka ini,
Wakatsvaka ini, (tsvaka ini,)
Wakatsvaka ini, (tevaka ini,)
Ndinoshamiswa kurangarira,
Wakatsvaka ini.

Jesu Kristu wakafira ini,
Pam’chinjikano abvise zvivi,
Kunzwisisa ini handigoni,
Wakafira ini.
Wakafira ini, (fira ini,)
Wakafira ini, (fira ini,)
Kunzwisisa ini handigoni,
Wakafira ini.

Jesu Kristu wakazonditsvaka,
Kunyange ini ndakamuramba,
Rudo rwake runondishamisa,
Anodana ini.
Anodana ini, (dana ini,)
Anodana ini, (dana ini,)
Rudo rwake runondishamisa,
Anodana ini.

Jesu Kristu achadzoka pano,
Kuti atitore kudenga ’ko,
Ndichafara kumuwona zvino,
Achitora ini,
Actitora ini, (tora ini,)
Achitora ini, (tora ini,)
Ndichafara kumuwona zvino,
Achitora ini.

## Jesu She wakandifira,

Pachipiyaniso;
She wakandiparadzirwa,
Ndiende kudenga.

KORASI
M’chinjikwa,
M’chinjikwa,
Pandakaona She,
Zvivi zvangu zvomwoyo
Zvabviswa! (Zvabviswa)
Pamuchinjikwa,
Ndapiwa nyasha;
Zvino ndafadziswa
Muzvose.

Musiki wedu mukuru,
Wakazova nyama,
Kuti atifire isu,
Tirege kurashwa.

Zvivi zvangu zvakamupa
Rufu pam’chinjikwa;
Nyasha huru yoshamisa,
Inondiponesa.

Hatigoni kuregera
Zvivi zvedu zvose;
Asi She ngaazviite,
Tigogam’chira She.

## Ndinoshamiswa zvikuru,

Norudo rwaJesu She,
Wakandifira mutadzi,
Ndicheneswe ’po naye.

KORASI
Ndo--fara ‘po Ndo--vonga wo;
(Ndinofara ’po Ndinovonga wo;)
Nokuda kwa Jesu She,
Ndo--fara ’po Ndo--vonga wo;
(Ndinofara ’po Ndinovonga wo;)
Ndakaponeswa ’po naye!

Wakanamata zvikuru,
Nokuda kwezvitadzo,
Haana kuzozvichema,
Aai vatadzi pano.

Vatumwa vakamuona
Mukusuwa kwake ’ko,
Vakasimbisa M’ponesi,
Afire tose pano.

Wakatakura zvitadzo
Zwangu pam’soro pake,
Wakandifira mutadzi,
Ndicheneswe wo naye.

Sezvo ndoenda kudenga,
Ndichavonga Jesu She,
Nokuti rudo rukuru,
Rwakandinatsa chose!

# Jesu Kristu Ishe anotida chose,

Wakafira isu, vatadzi,
Tiponeswe naye, ticheneswe chose,
Tigare naye misi yose.

KORASI
Ndotevera Jesu Kristu She …(Jesu Kristu She)
Kusvikira ndichabva pano,
Ndichaenda kudenga naye (ndoenda kudenga naye)
Kundogara mis' yose uko.

Jesu Kristu Ishe wakatukwa pano,
Wakanetswa nezvivi zvedu,
Asi ndinomuda; ndichamutevera
Kusvikira ndisvike uko.

Mwana wokudenga wakasvika pano,
Atakure zvitadzo zvedu;
Worarama zvino, apinde mumwoyo,
Abvise kudarika kwedu.

Ndichamutevera misi yose pano,
Ndichazivisa vamwe zvino;
Sezvo Jesu Kristu achadzoka pano,
Ndichaenda kudenga uko.

# Maiva ’po, She achiponwa, here? (Maiva ’po?)

Maiva ’po, She achiponwa, here?

KORASI
O! Ndinoshamisiswa.
Zvikuru, kuru, kuru!
Maiva ’po, ——————?

Maiva ’po, achitifira, here?
Maiva ’po, achitifira, here?

Maiva ’po, She achivigwa, here?
Maiva ’po, She achivigwa, here?

Maiva ’po, achimuka zve, here?
Maiva ’po, achimuka zve, here?

Maiva ’po, achikwira zve, here?
Maiva ’po, achikwira zve, here?

## Muguva waiswa, Jesu M’ponesi,

Kumirira zuva, rokumuka.

KORASI
Wakamuka muguva, (muguva,)
Wakakunda zvose nesimba, (nesimba,)
Wakamuka atibatsire tose,
Tipiwe simba tikunde wo naye.
Mupenyu! (Mupenyu!)
Mupenyu! (Mupenyu!)
Hareruya! Mupenyu!

Vakamutarisa, Jesu M’ponesi,
Bva She wakamuka, Mununuri!

Rufu rwakakundwa, noMuponesi!
Ngatimunamatei, Jesu Ishe.

# Jesu wakatomuka! Ha-re-ru-ya!

Rufu rwakatokundwa! Hareruya!
Ngatizivise vose! Hareraya!
Ivo wo vaponeswe! Hareruya!

Mambo wo wakamuka! Hareruya!
Wakakunda wo Satan'! Hareruya!
judzai manzwi enyu! Hareruya!
Tikudze Jesu Kristu! Hareruya!

Kristu wedu mupenyu! Hareruya!
Anatse zvivi zvedu! Hareruya!
Chireururai zvose! Hareruya!
Kwaari tiponeswe! Hareruya!

Mununuri mupenyu! Hareruya!
Atiponese isu! Hareruya!
Kudzai She imi mose! Hareruya!
Vose vamutevere! Hareruya!

# Jesu asati wauya,

Wakavigwa kumeso,
Bva zvino tingamuone,
Pakumuka murufu.

KORASI
Tarisa-i kuna Jesu!
Tarisai Jesu Kristu!
Wakakunda zvinhu zvose,
Pakumuka murufu;
Wakakunda zvinhu zvose,
Pakumuka murufu.

Jesu ari kuna Baba,
Achitinamatira,
Wakakunda zvinhu zvose
Pakumuka murufu.

Vatumwa vomunamata,
Vanhu vozviita wo,
Ndiye Mudikanwa chose,
Pakumuka murufu.

Kupfuura nguva dzose,
Kudenga nokudzika,
She chete wandiponesa,
Pakumuka murufu.

## Ndinoshumira Jesu,

She mupenyu nhasi,
Ninoziva mupenyu
Wandinatsa ini.
Ndinomuona Kristu;
Ndinomunzwa imo.
Sezva ndashaiwa simba,
Ari pano.

KORASI
Mupe----nyu nhas’!
(Mupe----nyu nhas’!)
Kristu mupenyu nhas’!
Ari neni. Haachabvi;
Wanatsa mandiri!
Mupe----nyu nhas’!
(Mupe----nyu nhas’!)
Nokusingaperi!
Ninoziva mupenyu nhas’,
Wogara mandiri!

Muzvinhu zvose pano
Ndomuona iye;
Kunyange ndakanetswa,
Ndichakunda naye.
Anonditungamira;
Anondibatsira;
Zuva rokuonekwa,
Richauya.

Farai! Farai vaKristu;
Mutsai inzwi renyu;
Imba-i hareruya,
Kuna Jesu Kristu.
Rubatsiro rwavose
Vanomutevera,
Hapano munhu saShe
Wakanaka.

## Zuva rimwe She waiva kudenga,

Wakatarisa zvivi panyika;
Wakaburuka kuti azvarirwe
Mumba memombe, andiponese.

KORASI
Wakaburuka; wakazvarirwa;
Wakandifira pamuchinjikwa.
Wakandiponesa mazuva ose;
She achadzoka nerimwe zuva!

Zuva rimwe Jesu wakatifira,
Isu vatadzi pamuchinjikwa;
Wakatakura zvivi zvedu zvose,
Atiregerere misi yose.

Zuva rinwe Jesu She wakavigwa;
She wakaiswa muguva rake;
Vatumwa vakaburuka panyika;
Vakagadzira kumuka kwake.

Zuva rimwe She Jesu wakamuka;
Dombo rakabviswa navatumwa;
Kumuka kwake kwakakunda Satan';
Zwino She Jesu ari kudenga.

Nerimwe zuva She achadzokera,
Panyika apiwe ushe hwake,
Ipapo vose vachamunamata;
Vachamukudza mazuva ose!

# Kana Jesu achidzoka

Uchaunganidza
Mabwe ose anokosha,
Anobwinya sei.

KORASI
Sechiedza chezuva
Anovaima zvikuru
Pakorona yaJesu,
Anobwinya sei

Uchashara, uchashara,
Aise kudenga
Mabwe ose akanaka,
Anobwinya sei.

Vana vose, vana vose,
Vanoda She Jesu,
Ndiwo mabwe akanaka,
Anobwinya sei.

# Rumbidza-i Jesu Kristu,

Zivisai vose pano,
Achadzoka nokutora
Vatendi kudenga ’ko.

KORASI
Sezvo She achadzoka,
Tichakwira kudenga kwaari,
Tichagara tose
Naye nokusingaperi.

Tinotambudzika pano,
Tinonetswa naSatan’,
Asi tichasiya zvose,
Tondogara kudenga.

Ngatiudzei vanhu vose,
Vazvigadzirire ’po,
Vaende kudenga naye,
Kundogara nesu wo.

Ngatishumirirei Jesu,
Ngatimukudzei pano,
Ipapo tichamuvonga
Kwaari kudenga ’ko.

## Sezvo Jesu achadzoka panyika rimwe zuva,

Kuti atonge vanhu vose pano,
Ndichaungana navose ndiende kundogara,
Sezvo She anondidana, ndoenda.

KORASI
Sezvo She ... anondida ---- na, (Sezvo She anondidana ndoenda,)
___ Pamhidza Katatu ___
Sezvo She anondidana, ndoenda.

Sezvo Jesu achadzoka panyika rimwe zuva,
Vanhu muguva vachamutswa naye,
Vatendi vachashandurwa vaende wo kudenga,
Sezvo She anondidana, ndoenda.

Ngatishumirei Jesu Kristu nokusingaperi,
Ngatizivisei vanhu vose pano,
Ipapo tingatorwe naShe tigare kudenga,
Sezvo She anondidana, ndoenda.

# Jesu achadzoka panyika;

Wouya nhas’, here?
Vose wo naye vachatongwa;
Wouya nhas’, here?
Vanhu vanotenda kuna She,
Vachaungana kuva naye,
Kubva panzvimbo dzose dzose;
Wouya nhas’, here?

KORASI
Achauya; ndichafara chose;
Achauya; tichakudza Ishe;
Achauya; ngatigadzirirei;
Achauya; She achadzoka zve.

Satan’ achasungwa mugomba,
Wouya nhas’, here?
Matambudziko achabviswa,
Wouya nhas’, here?
Vanhu vakafa muna Ishe,
Vachamutswa, vaende naye,
Kundogara mazuva ose;
Wouya nhas’, here?

Takatendeka, here, pano?
Wouya nhas’, here?
Tinofanira kurinda wo,
Wouya nhas’, here?
Zviratidzo wo zviri pano,
Kuuya kwake kuri pedo,
Ngatigadzirirei zvino;
Wouya nhas’, here?

## Jesu ndowangu, ndofara sei

Zvandiri wake ndichatsvakei?
Neropa ndakasukwa naye,
Ndapiwa nhaka naMwari She.

KORASI
Ndicharumbidza She wangu sei
Nenziyo dzangu ndimukudzei
Ndicharumbidza She wangu sei
Nenziyo dzangu ndimukudzei.

Ndinozorora norugare,
Ndinositenda kuda kwaShe
Nyasha norudo unondipa
Ndinosifara nowandida.

Ndakachengetwa; ndinomuda,
Chandinoshaiwa, hapachina;
Meso anongotarira She
Ndapiwa nyasha huru naye.

## Hosana wokudenga,

Ndotmba nezwi rangu
Kumwana waDavidi
Wauya kwandiri.
Hosana, ndiyamure
Pakurema kwangu;
Wauya asadanwa,
Muponesi wangu.

Ndoshonga dzakadini,
Azondishanyira?
Mugadzirire iwe
Mwoyo wako wose.
Ndoupira kwamuri,
Mununuri wangu,
Upfugame kwamuri
Chokwadi, She wangu.

Ndasunungurwa nemi
Mudorongo rangu:
Rikadimurwa nemi
Iro joti rangu:
Rakandirasikisa,
Ndasiya upenyu,
Makandifarisazve
Pakuchema kwangu.

# Mwari Ishe zvandinofungidzira,

Panyika dzose dzamakasika;
Ndonzwa dutu, ndinoona nyenyedzi,
Simba renyu raratidzwa kwose.

KORASI
Ndichaimba M’ponesi She wangu,
Muri M’kuru, Muri M’kuru,
Ndichaimba M’ponesi She wangu,
Muri M’kuru, Muri M’kuru,

Zvandofamba mudondo ramapani,
Ndonzwa shiri dzoimba mumiti;
Ndichiona kubva pagomo refu,
Ndonzwa mvura nokutonhorera.

Zvandofunga zvatakapiwa naye,
Nokufa kwake, ndinozadziswa;
Pam’chinjikwa wanzwa kurema kwangu,
Neropa wafira zvivi zvangu.

Kristu achidzokera nokukunda,
Wanditora, ndichafadziswa seyi
Ndichakudza nokukotama hangu,
Ndoparidza Ishe, Muri M’kuru.

## Zita raShe rinonaka,

Kwavo vanotenda;
Panhamo rinonyaradza
Rinotanda kutya.

Rinoita kuti mweya
Unake, urapwe;
Rinogutsa vane nzara,
Rivazorodzere.

Riri dombo pakavakwa,
Nzvimbo yokuvanza;
Riri dura rakazadzwa
Nengoni nomutsa.

Mwoyo unorukutika,
Hauna masimba;
Asi, kana ndokuonai,
Ndichakurumbidzai.

Ndoparadza rudo nwenyu,
Misi yangu yose;
Kana ndofa, zita renyu,
Negarindinyaradze.

## Jesu, munondida; nditizire kwenyu

Mugondichengeta pachifuva chenyu;
Dutu rinorira; mvura yondiminya;
Ndomunamatira; zvigondidarika.

Utiziro hwangu, Jesu, ndimi moga;
Mubetseri wangu, ndisagara ndoga;
Ndinongomutenda; mumonditsigira;
Pandashaiwa simba, mungandidzitira.

Kristu, Muchengeti, ndimi vandinoda,
Simba nyasha, njere, zvose munondipa;
Zita dzvene, nderenyu; ndine zvivi zvose;
Ini ndakashata; munobwinya chose.

Nyasha yenyu huru; mundikanganwire;
Mvura yechengeto nayo ndinatsiwe;
Tsime roupenyu, ndimi, She, hamupwi;
Ndinwe mvura mhenyu nokusingaperi.

## Zvakanaka kuda Jesu, Muponesi wedu,

Muchengeti neshamwari, tinomuda kwazvo.

KORASI
Jesu, Jesu, Mudikani, tinofadzwa naye,
Jesu, Jesu, wakanaka, tinomuimbira,

Zvakanaka kuda Jesu nokuvimba naye,
Nokutenda izwi rake, rinotipfumisa.

Zvakanaka kuda Jesu, uyo anotida,
Nokuvimba ropa rake, rinotichenesa.

Zvakanaka kuda Jesu nokumuombera,
Wakatipa mwoyo mitsva, rudo norufaro.

Zvakanaka kuda Jesu, Tenzi wedu kwaye,
Zvino tino Mubatsiri nokusingaperi.

# Pam’chinjikwa ndakaponeswa;

Pam’chinjikwa ndakanunurwa;
Jesu Krista wakandifira;
Ngatimukudzei.

KORASI
Ngatimukudzei,
Ngatimukudzei,
Jesu Kristu wakatifira,
Ngatimukudzei!

Ndakaponeswa naShe Jesu;
Wogara wo mumwoyo mangu;
Wakatobvisa zvivi zvangu;
Ngatimukudzei.

Ropa raShe rakandinatsa;
Ndapiwa wo rudo nesimba;
Zyino Ishe wondichengeta;
Ngatimukudzei.

Uya kunaShe ane simba;
Jesu achakukanganwira;
Rudo rwake ruchakuzadza;
Ngatimukudzei.

## Jesu She wakandifira,

Muponesi mukuru;
Kuti ndiende kudenga,
Muponesi mukuru.

KORASI
Muponesi mukuru,
Ndi Jesu She wangu,
Muponesi mukuru,
Ndi Jesu Kristu.

Ropa rake randinatsa,
Muponesi mukuru,
Kuti ndiende kudenga,
Muponesi mukuru.

Wakabvisa zvivi zvangu,
Muponesi mukuru,
Ave Muchengeti wangu,
Muponesi mukuru.

Anondipa simba rake,
Muponesi mukuru,
Ndikunde zvivi wo naye,
Muponesi mukuru.

# Jesu, ndinokuda-i, murapi wangu,

Zvino ndinozvipira, ini pachangu,
Ndinotenda kwamuri, munondipa rudo.
Kana ndakambokudai, ndinokudai zvino.

Jesu, ndinokuda-i norudo rwenyu,
Rwakapiwa kwandiri pakufa kwenyu;
Ndinokudai nokuti mandipa rufaro;
Kana ndakambokudai, ndinokudai zvino.

Jesu, ndinokuda-i mazuva ose,
Ndinoda kukukudzai, ndiudze vose;
Kunyange ndinonetswa, ndipiwe rufu wo,
Kana ndakambokudai, ndinokudai zvino.

Kudenga ndichakudai mazuva ose,
Nokukurumbidza-i navanhu vose;
Ndichaimba pamberi pavose ikoko,
Kana ndakambokudai, ndinokudai zvino.

## Mumwoyo mangu dziri nziyo,

She wareva kwandiri,
“Rega kutya; ndiri newe,
Nhas’ nokusingaperi.”

KORASI
Jesu, zita rake,
Rakanakisa,
Rinondizadzisa,
Ndofamba ndichiimba.

Nezvivi zvangu ndakanetswa,
Kusuwa kwakapinda,
She wakabyisa zvivi zvangu,
Uye wandifadzisa.

Ndinofarisa naKristu She,
Wondibatsira chose,
Ndichafamba munzira yake,
Ndomuda misi yose.

Kunyange ndanetswa munyika,
Kunyange ndatambudzwa,
Ndinoona Jesu muzvose,
Ari neni mis’ yose.

Nerimwe zuva achadzoka,
Anditore kudenga,
Ndichamukudza misi yose,
Nokuti wandinatsa.

# Ndinoda zita raJesu,

Ndoda kumukudza,
Ndoda kuzivisa vanhu,
Nokuti anondida.

KORASI
Ndinoda She Jesu,
Ndinoda She Jesu,
Ndinoda She Jesu,
NaJesu anondida.

Jesu She wakandifira,
Abvise zvitadzo;
Wandiparadzira ropa,
Ndipiwe kanganwiro.

Jesu anondichengeta
Mumatambudziko;
Kunyange Satan’ wonetsa,
She wondipa rufaro.

Jesu wandinzwira tsitsi;
Anondibatsira;
Wakandiponesa ini,
Ndiende wo kudenga.

## Hakuna mumwe saJesu Ishe,

Halcuna mumwe 'po;
Mumwe angatiponese, here?
Hakuna mumwe 'po.

KORASI
She chete angatiponese,
She woga angatinatse,
Hakuna mumwe saJesu Ishe,
Hakuna mumwe ’po.

Hakuna mumwe mutsvene saShe,
Hakuna mumwe 'po,
Kana munyoro woita sa’ye,
Hakuna mumwe 'po.

Hakuna wo angatichengete,
Hakuna mumwe ’po,
Mumwe angasare nesu, here?
Hakuna mumwe ’po.

Mumwe angakunde Satan’, here?
Hakuna mumwe ’po,
Hakuna mumwe angazviite,
Hakuna mumwe 'po.

Hakuna wo angabvise zvivi,
Hakuna mumve ’po,
Iye woga ari Mununuri,
Hakuna mumwe ’po.

## Jesu Kristu anotida;

Ngatimukudzei Kristu She;
Zvivi zvedu zvakabviswa;
Ngatimukudzei Kristu She.

KORASI
Ngatimukudzei, ngatimukudzei,
Ngatimukudzei Kristu She;
Ngatimukudzei, ngatimukudzei,
Ngatimukudzei Kristu She.

Zita rake rine simba;
Ngatimukudzei Kristu She;
Rokukunda nokunatsa;
Ngatimukudzei Kristu She.

Anotipa upenyu hwake;
Ngatimukudzei Kristu She;
Tizadzwe nesimba rake;
Ngatimukudzei Kristu She.

## Ndinoda zita raJesu,

Rinondipa rugare, (rugare)
Rinondisimbisa kwazvo,
Muna Jesu Ishe. (Ishe)

KORASI
NDINODA ZITA RAJESU,
(Ndo--da zita raJesu,)
NDINODA ZITA RAJESU,
Ndo--da zita raJesu, Ndino-)
(NDINODA ZI—-TA RAJESU,
(Da, Ndoda zita raJesu,)
WAKATIFIRA ISU.
(Wakatifira isu, isu.)

Rinondiudza zvorudo,
Rwakapiwa kwandiri, (kwandiri)
Kuti vose vaponeswe,
Vanatswe muzvivi. (zvivi)

Ndichaimba kuna vose,
ZvaJesu Kristu Ishe, (zvalshe)
Kuti vanatswe wo naye,
Vagare naIshe. (Ishe)

Kudenga ndichaimba wo,
Zvorudo rwaJesu She, (zvaIshe)
Rwakapiwa kwatiti ‘po,
Pam’chinjikwa wake. (wake)

# Kudzai! Kudzai! Jesu Kristu Muponesi,

Imbai, nyika; zivisai vose wo!
Vongai! Vongai! Vatumwa vose kudenga!
Kudzai! Kudzai! Vose vari pano!
SoMufudzi Jesu wotichengeta,
Pam'chinjikwa wava Mununuti!

KORASI
Kudzai Jesu! Zivisai vose varipo!
Kudzai! Kudzai! Nokusingaperi!

Kudzai! Kudzai! Jesu Kristu Muponesi,
Kubva zvivi She wakatinatsa;
Iye ibwe redu roruponeso wo,
Vongai! Vongai! She wakatifira.
Jesu Kristu wakatakura nhamo,
Rudo rwake rwakandipa tsitsi.

Kudzai! Kudzai! Jesu Kristu Muponesi,
Kudenga wo vongai zita rake;
Anobata ushe nokusingaperi,
Ipai kunaShe korona yake.
She wodzoka, atonge nyika yose,
Ane simba, rufaro, netsitsi.

# Ndichaimba zvaShe Jesu,

Zvaakada neniwo,
Wandifira‘po padanda,
Wandisunungura wo.

KORASI
Imba neni zvaShe Jesu
Wandifira neni wo;
Wakaripa mhaka dzangu
Wandisunungura wo.

Ndichasizivisa vamwe
Zvandatengwa naye She,
Wakazondinzwira ngoni
Wandidzikinura zve.

Ndichakudza Jesu wangu,
Une simba guru sei!
Ungandikundisa zvivi,
Rufu rungandiitei?

Ndichasiimbira iye,
Muchengeti wangu wo,
Unozondiperekedza
Kundisvitsa ikoko.

# Ngatikudzei Jesu saShe

Misi yose pano,
Misi yose pano;
Ngatizvipire kuna She,

KORASI
Tiku ....... dze,
(Tikudze; kudze; kudze; kudze;)
(Ku .... -)
Kudze kudze; kudze;
(............. dze,)
Timukudze Ishe!

Chiuyai vakatenda ’po
Kuna Jesu Ishe;
Kuna Jesu Ishe;
Timupe korona yake,

Vose vanogara pano,
Ngavauye zvino,
Negavauye zvino;
Tizvipire isu tose,

Kudenga tichamukudza
Misi yose uko;
Misi yose uko!
Wakakunda Satan’ pano.

## Tinokudza She pam'soro penyasha,

Dzakapiwa kwatiri pamuchinjikwa.

KORASI
Hareruya! Kudzai Jesu! Hareruya pano!
Hareruya! Kudzai Jesu! Tinatsei zvino.

Tinokudza She; makatipa Mweya,
Atitungamirire pano panyika.

Tinokudza She; munobvisa zvivi,
Sezvo tinogam'chira imi matiri,

She, tinatsei 'po; chitizadzai zvino,
Tizivise vose zvorudo rwenyu wo.

# Paradza-i Shoko kuna vanhu vose

Kwose-kwose kuna vanotambudzika,
Kune ndudzi dzose; Shoko romufaro,
“M'nyaradzi wauya.”

KORASI
M’nyaradzi wauya,
Wabva kudenga 'ko,
Mweya Mutsvene wo,
Chipikirwa chaShe;
Paradzai Shoko kuna vanhu vose,
M'nyaradzi wauya.

Kana mune rima, chiedza chauya,
Kutivenekera, Kutipa upenyu,
NdiJesu Kristu 'She, wakatitumira,
“M'nyaradzi wauya.”

Ishe wamadzishe waswedera pedyo,
Kusunungurawo, vose vakasungwa,
Tichafara navo, vakasunungurwa,
“M'nyaradzi wauya.”

Tendei, tiparadzei; Mashoko anzwike,
Vazhinji vatende; vazhinji vazadzwe,
Kuti vagoziva simba ratapiwa,
“M'nyaradzi wauya.”

## Mweya Mutsvene, ndinatsei,

Bvisai zvivi zvangu;
Mundinatsei; mundizadzei;
Ndipeiwo simba renyu.

KORASI
Mundinatsei; mundizadzei;
Mweya waShe, mundinatsei;
Torai mwoyo, mugare 'mo,
Mweya Mutsvene, mundinatse.

Mweya Mutsvene, ndinatsei;
Kundai kuda kwangu,
Kuti nditevere Ishe,
Ndiite kuda kwenyu,

Mweya Mutsvene, ndinatsei;
Munondisimbisa,
Kuti ndibatsire vose
Vatevere Jesu She.

Mweya Mutsvene, ndinatsei;
Mugare mandiri,
Ndiratidze kuna vose
Rudo rwenyu kwavari.

## Chiimba-i zve matama,

Mazwi oupenyu;
Ngandione kunakisa,
Mazwi oupenyu
Mazwi akanaka,
Adzidzise basa.

KORASI
Akanaka, akanaka,
Mazwi oupenyu.
___ Pamhidza ___

Kristu anopira vose,
Mazwi oupenyu;
Mutadzi, unganzwe Ishe,
Mazwi oupenyu;
Pachena zvapiwa,
Tisvike kudenga.

Chiimba-i izwi rake,
Mazwi oupenyu;
Anotambidza rugare,
Mazwi oupenyu;
Jesu Muponesi
Ari Muchengeti.

# Mwenje wangu shoko raShe,

Rinondivenekera,
Ndifambe nenzira yake,
Ndisvike wo kudenga.

KORASI
Ndaviga shoko mumwoyo, (mumwoyo,)
Ndirege kukutadzirai, (tadzirai,)
Ndikudze Ishe mazuva ose,
Ndaviga shoko mumwoyo.

Shoko raShe rine simba,
Kucheka nokutonga
Kuvora kwomwoyo wangu,
Ndicheneswe naJesu.

Saka ngatiriverengei
Shoko raShe mis' yose,
Tipe shoko kuna vose,
Vaponsewe wo naye.

## Unoda kutiza mutoro wako?

Riripo simba muropa rake,
Unoda zvitadzo kuzvikunda?
Riripo simba muropa.

KORASI
Riripo simba, simba rinoshamisa
Muropa reGwaiana,
Riripo simba, simba rinoshamisa
Muropa reGwaiana.

Unoda kutiza kutsamwa 'ko?
Riripo simba muropa rake.
Uya kum'chinjiko, usukiwe,
Riripo simba muropa.

Unoda kucheneswa sechando?
Riripo simba muropa rake.
Zvichabvisiwa zvitadzo zvako,
Riripo simba muropa.

Unoda kumushandira Kristu?
Riripo simba muropa rake.
Unoda kumurumbidza Iye?
Riripo simba muropa.

## Ndaigara muzvivi zvangu,

Ndakaramba nyasha dzaKristu,
Handina kukudza She Jesu
Pam’chinjikwa.

KORASI
She wakandipa nyasha huru,
Wakaregera zvivi zvangu,
Wakabvisa mutoro wangu
Pam’chinjikwa.

NeShoko raShe ndabatsirwa,
Ndanzwisisa nzira kudenga,
She Jesu ndamugamuchira
Pam’chinjikwa.

Ndatozvipira kuna Jesu,
Zvino wava wo mambo wangu,
Ndinorumbidza Jesu Kristu
Pam’chinjikwa.

Rudo rukuru rwandinatsa,
Nyasha dzaShe dzandiponesa,
Zvivi zvangu wo zvatobviswa
Pam’chinjikwa.

## Nyasha huru dzaJesu Kristu,

Nadzo zvivi zvinokundiwa;
Pam’chinjikwa She wakandipa
Nyasha huru dzokundinatsa.

KORASI
Nya.....-sha hu.......-ru,
(Nyasha huru, nyasha huru)
Dzine simba rokundinatsa;
Nya.....-sha hu.......-ru,
(Nyasha huru, nyasha huru)
Nadzo zvivi zvigokundiwa.

Zvivi zvangu zvinondinetsa;
Chiyiko chingazvichenese?
Tarisa kuna Jesu Kristu,
Nyasha dzake dzingakunatse.

Nyasha huru dzakanakisa,
Dzakapiwa kuna vatendi;
Imi munoda kuponeswa,
Tendai kunaShe soM’ponesi.

# Tsitsi huru dzaShe Jesu

Dzakandinunura;
Ndarashwa muzvivi zvangu;
Zvino ndaponeswa.

Tsitsi dzakandidzidzisa
Nditye zvivi zvangu;
Dzinokosha; dzinondipa
Rutendo rwaJesu.

Kupfuura ngozi zhinji,
Zvino ndatouya;
Tsitsi dzaShe dzakandipa
Simba rokukunda,

Mukudenga tichamuda
Nokumurumbidza.
Nguva yedu haiperi;
Tichamunamata.

## Musandipfuure, Jesu

Inzwai ndochema,
Muchishevedzera vamwe,
Musandipfu're.

KORASI
Ishe, Ishe, inzwai ndochema,
Muchishevedzera vamwe,
Musandipfu’re.

Ngandiwane pamusuwo,
Tsitsi nengoni,
Ndipfugame nokupfava,
Ndiri mutendi.

Ndichitenda simba renyu,
Ndotsvaka Imi,
Rapa mwoyo unorwadza,
Mundiponese.

# Baba, ndiri mwana wenyu

Baba, ndakatadza,
Ndinochema mberi kwenyu,
Baba, ndiregerei.

Zvitadzo zvangu zvizhinji,
Hazvingaverengwi;
Ndinozviisa kwamuri,
Baba, ndiregerei.

Mirao yenyu ndakatyora,
Imi, ndakuzvidzai;
Mununuri ndakurasai,
Baba, ndiregerei.

Ndakatadza nokureva,
Ndatadza kufunga,
Ndakatadza namabasa;
Baba, ndiregerei.

Muri Mwari; mune ngoni,
Dzisino kupera;
Naizvozvo ndinochema,
Baba, ndiregerei.

## Matambira Jesu here?

Iye wakakufira-i,
Anodisa imi mose,
M’tadzi m'bvume apinde,

KORASI
Jesu anokudaidzai,
Mhanyai mutambire She,
Zarura-i mwoyo yenyu,
Mubvumidze apinde.

Nguva dzose munodisa
Zvinhu zviri pasi pano,
Asi munoramba Jesu,
Iye wakakufira-i.

Jesu anokudaidzai,
Terera-i izwi rake,
Nhasi nguva yakanaka,
Chirega-i kunonoka.

Kufa kuchasvika idi,
Muchaiswa muguva,
Nguva iyo hamuchanzwi
Kudaidza kwake 'ko.

## Nzwi renyu ndinonzwa,

Rinondidana,
Kuuya zvino kune’mi,
Ndigosukiwa,

KORASI
Ndinouya ’She,
Zvino ne’niwo
Ndisukei 'She ndinatsei
Neropa renyu.

Ndakamuchinyirai,
Bva mune nyasha;
Mangava angu chirashai,
Mugondinatsa.

NdiJesu wandida,
Wakandirwira,
Unonditungamira wo,
Agondisvitsa.

Ndotenda ropa sei,
Ndotenda nyasha;
Ndotenda Jesu Kristu She
Wakandifira.

## Sezva ndakada-i, Jesu,

Ndisina chinhu pachangu,
Makafira zvivi zvangu,
Gwayana raShe, ndouya.

Sezva ndakada-i, Ishe,
Ndisingambozviponesi,
Imi moga munganatse,
Gwayana raShe, ndouya.

Sezva ndakada-i, Jesu,
Handizivi nzira yangu,
Ndinorwa mumwoyo wangu
Gwayana raShe, ndouya.

Sezva ndakada-i, Jesu,
Ndogam’chira rudo rwenyu,
Ndiri wenyu; muri wangu,
Gwayana raShe, ndouya.

## Ndafamba famba kure na'She,

Zvino, ndodzoka;
Ndaigarofamba muzvivi,
She, ndinodzoka.

KORASI
Ndodzoka, ndodzoka,
Ndisafambe zve;
Zarurai maoko enyu,
She, ndinodzoka.

Ndarasa makore mazhinji,
Zvino, ndodzoka;
Ndotendeuka nemisodzi,
She, ndinodzoka.

Ndaneta, She, nezvivi zvangu,
Zvino, ndodzoka;
Ndovimba norudo neshoko,
She, ndinodzoka.

Mweya nomwoyo inorwara,
Zvino, ndodzoka;
Ndasimbisswa; ndino rutendo;
She, ndinodzoka.

## Mweya wangu uno Muponesi,

Ndakasunungurwa;
Musununguri ngandisukiwe,
Ndichagam’chirwa su?

KORASI
Ndoda, ndoda, ndoda
Mwari muyamuri muri wangu;
Ndakatengwa neropa raIshe,
Ndava wenyu chose.

Nengoni ndichagam’chira tsitsi,
Rudo rwenyu, Kristu,
Rwaukunda mwoyo wangu kwazvo,
Ndichavimba nemi.

Munoziva kusasimba kwangu,
Ndotya zvivi zvangu,
Asi imi muri simba rangu,
Munondipa simba.

Hongy, Ishe, tipei isu tose
Ngoni dzenyu nhasi,
Nezvinobva pamwoyo tichiti;
“Tichava vaKristu."

Vakauya vamwe vachibvunza;
“Tingapone here?”
“Hongu, tinoda muponesiwe;”
Nesu tinodaro.

## Uya, iwe, une mhosva; Ishe ane tsitsi,

Achakupa kuzorora, uchivimba nezwi.

KORASI
Uya kwaari, Muponesi; chiuya zvino!
Wokuponesa; ane simba; Anozodaro!

Jesu waparadza ropa kutikomborerera,
Uzvishambidze muropa, zvino woponeswa

Jesu, nzira yechokwadi neyo kuzorora,
Zino wotenda kwaari; uchakomborerwa.

Sangana, nesu, vatsvene, tiende kudenga,
Kuti tigare, tifare, tichagarofara.

## Nounyoro Jesu anokudanai,

Kudana imi ne'ni;
Onai pamsoro anokumirirai,
Nokukutarisirai.

KORASI
Uyai, uyai, imi,
Makatambudzwa, uyai zvino;
Nesimba norudo Jesu wodana
Kudana imi, uyai.

Tichamirire-i She uchidana?
Kudana imi ne'ni
Tichagarire-i tisina nyasha?
Nyasha pamsoro pedu.

Nguva yotiza, musi wopfuura
Kubva kune'mi ne'ni
M'bvuri youya nenhovo yorufu
Pamsoro pe'mi ne'ni.

Kugam'chira rudo rwakavimbiswa
Takavimbiswa narwo
Kunyange takatadza, ane nyasha,
Ruregerero rwedu.

## Kana Jesu wotaura, Chiuya!

Kana tokunamatira, Chiuya!
'Nguva kuva waShe Jesu, Chiuya!
'Nguva kumuziva Jesu, Chiuya!

Wakaremererwa, here? Chiuya!
Jesu wotakura zvose, Chiuya!
Jesu haakunyengeri, Chiuya!
Jesu anokugam’chira, Chiuya!

Wonyunyutire-i zvino! Chiuya!
Woite-i usina She? Chiuya!
Mwoyo wake unokuda, Chiuya!
Unomutizire-i ko? Chiuya!

Wafamba kure naIshe, Chiuya!
Waparadza pfuma yake, Chiuya!
Rega kuomesa mwoyo, Chiuya!
Jesu anoregerera, Chiuya!

# Pasuo rakashama 'po,

Ndoonawo chiedza,
Chinobva Gorgota uko,
She wakachitungidza.

KORASI
Inyasha huru iyeyo;
Ndingandopinda ipapo;
Neni! Neni! Ndingandopindawo.

Rakashamira ipapo,
Voda kuuya vose;
Vachena navafumi wo,
Marudzi ose ose!

Musatya henyu, chiuyai,
Mugozopinda naro!
Kudenga She uchamupai
Korona yomufaro!

Bva seri kwaro ikweyo
Kuchema kunosi’wa;
Tichandoona Jesu 'ko,
Uko kunofariwa.

## Kubva mukudarika kwangu,

She, ndouya; She, ndouya;
Kuti ndipiwe simba renyu,
Ndouya kwamuri.
Kubva muzvivi zvangu zvino,
Ndotsvaka kanganwiro pano,
Ndifambe munzira yenyu wo,
Ndouya kwamuri.

Kubva mumatambudziko wo,
She, ndouya; She, ndouya;
Ndizvipire kwamuri zvino,
Ndouya kwamuri.
Kubva munhamo, She, ndouya,
Mungatakure kufunganya;
Vanhu vose ndichazivisa,
Ndouya kwamuri.

Kubva mukutya kwangu, Jesu
She, ndouya; She, ndouya;
Ndipiwe kunyaradza kwenyu,
Ndouya kwamuri.
Ndinonetswa naSatan’ pano,
Bva mungandisimbise zvino,
Ndikunde nomunyengetero,
Ndouya kwamuri.

Kubva mukusuwa kwangu wo,
She, ndouya; She, ndouya;
Ndipiwe rugare mumwoyo,
Neouya kwamuri.
Zvino ndichafamba nemi, She,
Ndiudze vose kwose kwose,
Vatendeuke, vaponeswe,
Ndouya kwamuri

## Kana nezvitadzo munonetswa,

Bvumirai Jesu apinde;
Kana muchida upenyu hutsva,
Bvumirai Jesu apinde.

KORASI
Zvino kuna She, tendai,
Zvino kwaari, uyai,
Zwino She gamuchirai,
Bvumirai Jesu apinde.

Kana muchida utsvene hwaShe,
Bvumirai Jesu apinde;
Muchacheneswa neropa rake,
Bvumirai Jesu apinde.

Kana muchinetswa nenhamo wo,
Bvumirai Jesu apinde;
Achakupai mufaro mumwoyo,
Bvumirai Jesu apinde.

Kana muchida kunatswa naShe,
Bvumirai Jesu apinde.
Muchaenda kundogara naye,
Bvumirai Jesu apinde.

# Wakatsvaka rudo, norugare pano,

Bva ugere kuruwana 'po;
Chizvipira iwe, kuna Jesu saShe,
Uchapiwa simba rake 'mo.

KORASI
Wakambozvipira kuna Jesu, here?
Unotevera She, here?
Ungawane rudo, nomufaro zvino,
Sezvo unotevera Jesu.

Unoda kufamba murugare rwaShe,
Nokufara wo naye, here?
Chitevera Ishe, chizvipira iwe,
Kuna Jesu Kristu saIshe,

Hatigoni zvino, kunzwisisa pano,
Zvotopiwa naJesu Ishe,
Kusvikira tipe kuna Jesu zvose,
Tizvipire isu kunaShe.

Achatibatsira, achatichengeta,
Sezvo tinozvipira isu;
Saka uyai zvino, muzvipire pano,
Kuna Jesu Kristu saMambo.

# Jesu anogam’chira vatadzi vanosiya

Nzira yokururama; paridza-i matama.

KORASI
Imba-i, (Imba-i,)
Zvakarezve, (Zvakarezve,)
Vatadzi (Vatadzi)
Vogam’chirwa, (Vogam’chirwa,)
NaKristu, (NaKristu,)
Muponesi, (Muponesi,)
Nyaya inoshamisa!

Uya-i, makaipa; tenda-i, muzorore;
Izwi rakareruka; mogam’chirwa naIshe.

Kristu wandigam’chira nezvakaipa zvose;
Ndiye wanditsvenisa; kudenga ndingaende.

## Ndianiko anonzwa dama raShe,

Fambisa-i nha-u kunyika dzose,
Paridzai kuvanhu kwose kwose,
Anoda ngaauye

KORASI
Uya-i zvino, uya-i zvino,
Inzwa-i matama oruponeso;
Baba wokudenga anoda vose,
Munhu wose auye.

Wose anouya, asanonoke,
Musuwo wazarurwa angapinde,
Jesu ndiye nzira chokwadi chete,
Anoda ngaauye

Ichokwadi, chivimbiso chaIshe,
Hachingapinduki kuvanhu vose,
Anopa upenyu husingaperi,
Anoda ngaauye.

## Kana uchinetswa naSatan pano,

Usarasha mwoyo; Jesu aripo,
Chiverenga makomborero ako,
Uchashamiswa chose nomufaro,

KORASI
Chi .... verenga
(Iwe chiverenga,)
Makomborero,
(Makomborero,)
Chi .... verenga,
(Iwe chiverenga,)
Mifaro yako,
(Mifaro yako,)
Chi .... verenga,
(Iwe chiverenga,)
Zvawakapiwa
NaShe Jesu Kristu,
Uchamuvonga.

Une nhamo here, inokunetsa?
Uya kuna Jesu achabatsira
Chiverenga makomborero ako,
Uchawana simba mumwoyo wako.

Usachiva pfuma yavamwe vanhu,
Takapiwa ruponeso naJesu,
Chiverenga makomborero ako,
Uchaimba misi yose wo pano.

Saka chitarisa kuna Jesu She,
Iye anesinba kukunda zvose,
Chiverenga makomborero ako,
Kusvikira wasvika kudenga 'ko.

## Tendai kuna Jesu She iko zvino,

Chizivisai vanhu vose wo pano,
Chirumbidzai zita rake murudo,
Tendai kuna Jesu saIshe.

KORASI
Ten.........dai,
(Tendai kuna Jesu She,)
Ten.........dai,
(Tendai kuna Jesu She,)
Tendai kuna Jesu saShe iko zvino
(Tendai kuna Jesu saShe iko zvino,)
Ten.........dai,
(Tendai kuna Jesu She,)
Chitendai kuna Jesu saIshe!
(Chitendai kuna Jesu saIshe!)

Tendai kuna Jesu She; ane simba,
Zvivi zvedu zvose achazvibvisa,
Achatitakura naye kudenga,
Tendai kuna Jesu saIshe.

Tendai kuna Jesu She muzvose wo,
Muchapiwa simba rake norudo,
Muchakunda Satan’ naJesu zvino,
Tendai kuna Jesu saIshe.

Tendai kuna Jesu She wakatipa,
Shoko rake rotitungamirira,
Sezva tinorava tichasimbiswa,
Tendai kuna Jesu saIshe.

Tendai kuna Jesu She munhamo wo,
Kufunganya chipai kuna She zvino,
Muchapiwa rugare nomufaro,
Tendai kuna Jesu saIshe

# Unonetswa nokusuwa, here?

Chiudza Jesu; chiudza Jesu,
Unoda kurasha mwoyo, here?
Chiudza Jesu zvino.

KORASI
Chiudza Jesu; chiudza Jesu,
Wotitungamirira,
Jesu She achagara wo matiri,
Chiudza Jesu zvino.

Une nhamo muupenyu, here?
Chiudza Jesu; chiudza Jesu,
Iye angakupe simba rake,
Chiudza Jesu zvino.

Ko, unotya zvivi zvako, here?
Chiudza Jesu; chiudza Jesu,
Ane simba rokubvisa zvose,
Chiudza Jesu zvino.

Ko, unotya rufu rwako, here?
Chiudza Jesu; chiudza Jesu,
Jesu Kristu achaenda newe,
Chiudza Jesu zvino.

# Makambouya kuna Jesu, here?

Ko, manatswa neropa rake?
Ko, munotenda kuna Jesu saShe?
Ko, manatswa neropa rake?

KORASI
Manatswa, (Manatswa),neropa,(neropa,)
Kubva muzvivi zvenyu, here? (naIshe?)
Ko, makamboshambidzwa naJesu She?
Ko, manatswa neropa rake?

Ko, munofamba naShe misi yose?
Ko, manatswa neropa rake?
Ko, munotarisa kuna Jesu She?
Ko, manatswa neropa rake?

Ko, mazvigadzirira kuona She?
Ko, manatswa neropa rake?
Ko, muchapinda mudenga naIshe?
Ko, manatswa neropa rake?

Bvisai zvivi zvose zvomwoyo yenyu,
Munonatswa neropa raShe;
Muchacheneswa chose naShe Jesu,
Munonatswa neropa rake.

# Muchabatsirwa; muchaponeswa,

Sezva munotenda Jesu She;
Muchapiwa wo mufaro kwazvo,
Sezva munotenda Jesu She.

KORASI
Tendai! Tendai!
Kuna Jesu soM'ponesi;
Tendai! Tendai!
Muchasimbiswa wo naMwari.

Muchawana wo simba norudo,
Sezva munotenda Jesu She;
She Muponesi woenda nemi
Sezva munotenda Jesu She.

Makomborerero anouya wo,
Sezva munotenda Jesu She;
Musingatyi, Jesu anemi,
Sezva munotenda Jesu She

## Jesu Kristu wakatifira,

Isu vatadzi pam'chinjikwa,
Vose vanotenda kunaShe,
Vachanatswa zvikuru naye.

KORASI
Chiuyai, (Uyai!)
Kuna She, (Kuna She!)
___ Pamhidza katatu ____
Muchanatswa chose naIshe. (NaIshe!)

Vatadzi vose uyai zvino,
Kuna She Jesu iko zvino;
Muchacheneswa chose naye,
Mupiwe wo rugare rwake.

Funga-i mose, She wodzoka,
Pasi panyika; tichatongwa,
Muchaenda kudenga naShe,
Kana kugomba romwoto, here?

She anotida, wakatipa
Upenyu hwake pam'chinjikwa,
Chinzwai kwaari, muzvipire,
Imi pachenyu kuna Ishe.

## Nyika yose yakabatwa nezvivi,

Chiedza chaShe chiripo,
Chivenekere kuna vanhu vose,
Chiedza chaShe chiripo.

KORASI
Uyai kuna Jesu Kristu She,
Muchapiwa rufaro rwake,
Zvivi zvangu zvabviswa naye,
Chiedza chaShe chiripo.

Muna Jesu Kristu tinobatsirwa,
Chiedza chaShe chiripo,
Uyai kuna Jesu; muchaponeswa,
Chiedza chaShe chiripo.

Vose vanofamba murima zvino,
Chiedza chaShe chiripo,
Uyai kuna Jesu; muchapiwa wo,
Chiedza chaShe chiripo.

Kudenga tichakudza Jesu uko,
Chiedza chaShe chiriko,
Ngatizivisei vanhu vose pano,
Chiedza chaShe chiripo.

## Jesu anomira ‘po,

A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)
Wakambogogodza ‘mo,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)
Apinde akunatse,
Apinde aponese,
Apinde akuzadz,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)

Zarura mwoyo wako,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino)
Asati abva pano,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino)
Jesu Shamwari yako,
Achakuchengeta 'po,
Achadzinga Satan’ 'mo,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino)

Inzwa inzwi rake ’po,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)
Chimugamuchira ’mo,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)
Anomira pamwoyo,
Achakupa mufaro,
Uchamuvonga pano,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)

Chibvumira apinde,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)
Achakupa rugare,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)
Achabvisa zvivi wo,
Mumwoyo mako zvino,
Muende kudenga ‘ko,
A ....... -pinde .........
(Apinde zvino; apinde zvino,)

# Uyai zvino kuna Jesu She,

Anokudana-i,
Chiuyai nhas' nezvivi zvose,
Achakunatsa-i!

KORASI
U ------- yai zvino,
(Uyai zvino) (Uyai zvino)
Ku ------- na Ishe,
(Kuna Ishe) (Kuna Ishe)
U -------- yai zvino,
(Uyai zvino) (Uyai zvino)
Mupiwve rugare! (Rugare!)

Uyai zvino kuna Jesu She,
Musafunganyawo,
Kandira-i pam’soro paShe
Zvivi zvenyu zvose.

Uyai zvino kuna Jesu She,
Wakakufira-i,
Chinzwai zvino kwaari nhasi,
Anokudana-i.

Uyai zvino kuna Jesu She,
Wakakunda rufu,
Mupenyu nhas’, atiponese,
Atikanganwire!

## Ndanzwa Tenzi wandidana,

___ Pamhidza katatu ___
Unditevere misi yose.

KORASI
Kwaanonditungamira,
Kwaanonditungamira,
Kwaanonditungamira,
Ndichamutevera mis' yose.

Ndinomupa mwoyo wangu,
___ Pamhidza katatu ___
Ndichamutevera mis' yose.

Ndinoita kuda kwake,
___ Pamhidza katatu ___
Ndichamutevera mis' yose.

Ndinogara noM'ponesi,
___ Pamhidza katatu ___
Ndichamutevera mis' yose.

Ndinokudza Jesu Kristu,
___ Pamhidza katatu ___
Ndichamutevera mis' yose.

## Mugoshanangurwa, vatendi, tsungai,

Hamuna masimba, panaShe piwai;
Idai wo vaKristu; chibatsiranai;
She anokuonai, muchingosidai.

Mugoshanangurwa, vatendi, tsungai;
Mufaro wenyika woenda, fungai;
She anokudanai; chinyengeterai,
Mashoko aJesu mis’ yose ravai.

Mugoshanangurwa, vatendi, tsungai,
Kunyange panhamo, chimuteverai,
Mutarirei Jesu, chizomutodzai,
Mupiwe masimba, chitsungirirai.

Mugoshanangurwa, vatendi, tsungai,
Mugofungisisa chinhambo tsvakai,
Mutevere Mweya kutsime, chinwai,
Mugozofanana naJesu kudai.

## Jesu makandiponesa,

Makandisunungura,
Makandibatsira chose
Ndozvipira kwamuri.
Kwamuri; kwamuri;
Kwamuri; kwamuri;
Makandibatsira chose,
Ndozvipira kwamuri.

Handidi zvinhu zvenyika
Ndinorasha wo zvivi,
Asi ndinokudai Ishe,
Ndiswedere kwamuri.
Kwamuri; kwamuri
Kwamuri; kwamuri;
Makandibatsira chose,
Ndiswedere kwamuri.

She munonditungamira,
Nhas' nokusingaperi,
Kudenga ndichakukudzai,
Zvondosvika kwamuri.
Kwamuri; kwamuri;
Kwamuri; kwamuri;
Kudenga ndichakukudzai,
Zvondosvika kwamuri.

## Ndiri wenyu She; ndakanzwa narwo

Rudo rwenyu kwandiri;
Asi ndinoda rutendo kwarwo,
Ndiswededzwe kwamuri.

KORASI
Ndiswededzei kwamuri, Ishe,
Kumuchinjikwa wenyu;
Ndiswededzei kwamuri, Ishe wangu,
Kumuchinjikwa wenyu.

Nditsveneserei basa renyu, She,
Nesimba renyu zvino;
Mweya wangu uve netariro,
Ndiitei kuda kwenyu.

Ndino rufaro nenguva iyo
Inoswerwa pamuri;
Mwoyo wangu paunotaura
Ne'mi muushamwari.

Pane rudzi 'ko rworudo rwenyu,
Ruchazodziwa 'mberi;
Norufarowo munoda kuti
Ndizorore mamuri.

## Jesu She wakandifira

Abvise zvitadzo;
Zvino ndichamutevera,
Ndomuvonga kwazvo.

Vanhu vasati vatenda
Vakanetswa chose,
Asi zvino vabatsirwa
NaJesu Kristu She.

Jesu She, ndinozvipira
Kwamuri mis’ yose;
Kudenga ndichakotama
Pamberi penyu, She.

## She Jesu, ndomudai,

Ndinomutaririrai; mafire'ni;
Nzwi rangu chidonzwai,
Mangava chibvisai;
Mwoy’ wose ndomupai; ndowenyu, She.

Bva nyasha chindipai,
Mwoy’ wangu simbisai, ndimutswe zve,
Zvamakafire’ni;
Ndinamatire’mi;
Chindibetserei zve, ndimude, She.

Ndichiri munzira,
Handina kusvika; ndisvitse-i;
She, chindifambisai;
Chitungamirirai,
Murima venekai, ndisesedzei.

Bva kukasvika’po
Nairwo rufu wo, handizotyi,
She wangu nditorei,
Mundigamuchirei,
Kum’soro ndikwidzei kudenga, She.

## Rwovakwa ruvimbo rwangu,

Paropa raIshe Jesu,
Handichazovimba mumwe
Kunze kweZita raIshe.

KORASI
Kristu ibwe ndichamira
Nyika yose ine jecha (pamhidza).

Kana uso hwapfidigwa,
Pangoni ndinozorora,
Napadutu roupenyu,
Ndinobata Ishe wangu.

Chipiko neropa rake,
Zvobatsira nomurove;
Kana ndichirasa zvose,
Iye, ndichavimba naye.

# Tichifamba isu neizwi raJesu,

Anovenekera panzira;
Tichiita kuda kwaJesu wotida,
Anogara nesu nesimba.

KORASI
Kuterera, kuvimba naJesu,
Ndiyo nzira kuwana
Rufaro rukuru.

Kana tingaone mimvuri, makore,
Zvichabvisswa noUso hwake!
Pasina nokutya; hapana kuchema,
Kana tichivimba naIshe.

Pasina mutoro; hapana chisuwo,
Basa redu watiripira;
Pasina kutadza; hapana M'chinjikwa,
Naye tichazokomborerwa.

Hatizivi rudo, rufaro rvaMambo,
Tisingazvipiri kuna She; .
Nyasha waratidza; rufaro watipa;
Ndorwavo vanovimba naye.

Nomukuwadzana naye tichagara;
Tichafamba naye munzira;
Tichamuterera; tichamutevera,
Hatichazotyi; tichavimba.

## Tendai Jesu kunyange mononetswa,

Anoziva dambudziko renyu,
Anemi wo kumugumo wenyika,
Tendai Jesu! Tendai Jesu!

KORASI
Tendai Jesu pano apa,
Tendai Jesu; anotichengeta!
Anogona kubatsira,
Tendai Jesu! Tendai Jesu!

Tendai Jesu, sezvo munonamata,
Anoziva dambudziko renyu;
Anemi wo kumugumo wenyika,
Tendai Jesu! Tendai Jesu!

Tendai Jesu mukati mokusuwa,
Anoziva dambudziko renyu,
Kandira-i kufunganya kwaari,
Tendai Jesu! Tendai Jesu!

Tendai Jesu, sezvo zvose zvopera,
Wotibata norudo rukuru,
Wakapiwa simba rose panyika,
Tendai Jesu! Tendai Jesu!

## Ndasarudzwa naJesu, kuti ndive wake;

Iye, upenyu hwangu, ndino rudo rwake;
Ndikatsaukaniswa nokuipa kwose;
Ini, ndinozvipira kuna Mwari, Ishe.

Ndasarudzwa naJesu; anondichengeta;
Ndomupa mwoyo wangu; anoushambidza;
Hatingatsaukanwi; tiri mumwe chete,
Nokuti ndiri Wake, ari wangu, Iye.

Ndasarudzwa naJesu; ndinogara naye;
Ari M’ponesi wangu; watanda vavengi;
Anondipa masimba pakuedzwa kwose;
Naye nokuzvipira, ndingakunde zvose.

# Isu tose tine nhamo,

Tinotambudzwa wo;
Mutoro wobviswa naJesu,
Iye ari pedo.

KORASI
Mutoro wobviswa naJesu,
NaJesu, naJesu,
Mutoro wobviswa naJesu,
Iye ari pedo.

Kandirai pamusoro paShe
Kutya kwenyu kwose;
Mutoro wobviswa naJesu,
Iye ari pedo.

Jesu ane simba zvino,
Abvise zvivi wo;
Mutoro wobviswa naJesu,
Iye ari pedo.

## Iwe usarasha mwoyo ’po,

She wokuchengeta,
Uya kwaari iko zvino,
She wokuchengeta.

KORASI
She wokuchengeta,
Misi yose; wokwanisa,
Achakuchengeta,
Uchachengetwa naShe.

Kunyange unonetswa pano,
She wokuchengeta,
Tarisa kuna Jesu zvino,
She wokuchengeta.

Namata kuna Jesu Ishe,
She wokuchengeta,
Uchapiwa mufaro naye,
She wokuchengeta.

Tendeuka kuna Jesu She,
She wokuchengeta,
Uchasimbiswa norugare,
She wokuchengeta.

## Ndinofara kuti Baba vedu,

Vaudza rudo rwavo rukuru;
Parugwaro rwavo rwakanaka,
Vakandiudza Jesu wandida.

KORASI
Ndinofara Jesu wandida,
Anondida; anondida.
Ndinofara Jesu wandida,
Ini, anondida.

Jesu anondida, ndinomuda,
Rudo rwake rwakandinunura;
Saka wakafa pamuchinjikwa.
Ndinonyatsoziva, anondida.

Kana ndinobvunzwa, ndoiteyi?
Hareruya, ndoziva chokwadi!
Mweya Mutsvene unondiudza,
Wopupura Jesu anondida.

Ndozorora mukuziva uku,
Zvino ndokomborerwa naJesu;
Nazvo Satani anotambudzwa,
Ndichimuudza Jesu wandida.

## Ndashandurwa naShe; ndaponeswa naye;

She watopinda mumwoyo!
Chiedza chirimo; anondipa rudo;
She watopinda mumwoyo!

KORASI
She watopinda mumwoyo!
She watopinda mumwoyo!
Zvivi zvangu zvose
Zvakabviswa naye!
She watopinda mumwoyo!

Ndarasha zvivi zvangu zvomwoyo wangu;
She watopinda mumwoyo!
Ndanatswa neropa raShe pam’chinjikwa;
She watopinda mumwoyo!

Ndapiwa tariro, norufaro naShe;
She watopinda mumwoyo!
Kusatenda kwangu kwakabviswa naye;
She watopinda mumwoyo!

Ndichaenda kudenga kumusha wangu;
She watopinda mumwoyo!
Bva zvino ndofara muupenyu hwangu;
She watopinda mumwoyo!

# Ndawana shamwari, Jesu wangu,

Rudo runogara, ari wangu,
Rufaro rwenyika ruchazopfuura,
Ndino runyararo, ari wangu.

Kana ndapererwa, Jesu wangu,
Anozondibata, ari wangu,
Anondichengeta nesimba reropa,
Hapana kusuwa, ari wangu.

Nyika yapfuura, Jesu wangu,
Pakutonga kwake, ari wangu,
Chinhu choshamisa, kana ndotarisa,
Iye pakudenga, ari wangu.

Ndasiya zvenyika, Jesu wangu,
Ndinoda zveDenga, ari wangu,
Ari Mununuri; ari Muchengeti,
Ari Muponesi, ari wangu.

# Ndichaimba nyaya huru,

Kristu wakandifira,
Akasiya musha wake
Kusvika pam'chinjikwa.

KORASI
Ndichaimba nyaya huru,
Kristu wakandifira,
Ndichaimba navatendi,
Pamwe chete kumsoro.

Ndarasika andiwana,
Akawana makwa-i,
Akandibata norudo,
Akandiuyisa zve.

Ndarwara; andiponesa,
Ndakaziya nokuwa,
Kuona kwapera; ndatya,
Bva andisunungura.

Achandichengeta, rufu
Ruchisvika kwandiri;
Achandiperekedza 'ko;
Ndichaona shamwari.

## Rugare rwoyerera panzira yangu,

Kana zvisuwo zviripo,
Wakandidzidzisa panzvimbo dzangu,
Zvakanaka zvose mumwoyo.

KORASI
Rugare (rugare) mumwoyo (mumwoyo),
Runyararo mumwoyo wangu.

Kunyange Satani anonditambudza,
Nguva dzose ndoyeukwa,
Kristu anoziva ndashaya simba,
Wakandiparadzira ropa.

Kristu, muri vangu, noupenyu hwangu,
Kana Jordan’ randinetsa,
Handityi kufa, Ishe, muri vangu,
Muchiti kwandiri rugare.

Ishe, tinogarira kuuya kwenyu,
Tinozoenda kudenga;
Kuridza kwengirozi! Izwi rake!
Rinopa mwoyo kuzorora.

## Murapi mukuru, Jesu,

Ari pedyo netsitsi;
Anotifadza zvikuru,
Inzwazve Muponesi.

KORASI
Rwiyo rwakanakisa
Zita rakanakisa,
Rumbo rwakanakisa
Jesu, ndiye, Jesu.

Woregerwa zvakaipa,
Inzwa izwi raJesu;
Chienda zvako kudenga,
Uchagadzwa naJesu.

Ngaritendwe wo Gwaiana,
Zvino ndom'tenda Jesu;
Zita rake, ndinorida,
Ndoda zita raJesu.

Kutya kwangu kwaparadzwa,
Nezita rake chete;
Mweya wangu unofara
NaJesu, zita rake,

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## Ndoudza Jesu zve mhaka yangu,

Wakandifira pam’chinjikwa,
Wakamuka wo kubva muguva,
Kuti andisimbise pano.

KORASI
Ndoudza Jesu,
Ndoudza Jesu,
Handigoni kubvisa zvivi,
Ndoudza Jesu,
Ndoudza Jesu,
Wakafira ini mutadzi.

Ndoudza Jesu zve dambudziko,
Rapiwa kwandiri naSatan’,
Bva ndinoziva She wobatsira,
Achadzinga Satan’ nesimba.

Ndinoedzwa nezvinhu zvenyika,
Ndinoda M’ponesi mukuru,
Ndoudza Jesu; ndoudza Jesu;
Iye woga wobvisa shungu.

## Ndaibatwa nezvivi; ndakatadza kwazvo!

Asi Jesu Kristu She wapa kanganwiro;
Watiitira tsitsi, ndiende kudenga,
Ndaponeswa naMwari; ndinofara!

KORASI
Ndaponeswa; ndaponeswa!
Kunyange ndakatadza, ndaponeswa!
Ndaponeswa; ndaponeswa!
Kunyange ndakatadza, ndaponeswa!

Ndinopa kuna Jesu mwoyo wangu wose,
Aite kuda kwake nhasi nemis' yose;
Rudo rwake rukuru; runondisimbisa,
Ndichazivisa vose, vaponeswe.

Tarisai kuna Jesu munhamo yenyu wo;
Achakubatsira-i mudambudziko 'po;
Jesu She ane simba; angabvise zvivi,
Angatipe rufaro wo matiri.

## Kubva kudenga Jesu wakauya;

Musiki mukuru anonzi She Jesu;
Havamuzivi; havamuteveri;
Mwari wesimba nomufaro wo.

KORASI
Ndinomudisa; ndinomukudza;
Ndomutevera misi yose.
Iye, Musiki, wava M'ponesi;
Ndichazivisa vanhu vose.

Wakaberekwa; wakava somwana,
Atifire isu, tive saYe, Jesu.
Ngatiswederei; ngatimuteverei,
Misi yose youpenyu hwedu.

Wakandifira, ndiende kudenga;
She Mwari mukuru, watipa upenyu.
Ngatimukudzei; ngatimutererei
Nokuzivisa vanhu vose wo.

# Ndotevera Jesu Ishe,

Wakandifira pano,
Anondibatsira chose,
Ndisvike kudenga 'ko,
Ndino rudo norugare,
Rwakapiwa kwandiri,
Nokuda kwaJesu Kristu,
Anogara mandiri,
Nokuda kwaJesu Kristu,
Anogara mandiri.

Ndotevera Jesu Ishe,
Anondisimbisa wo,
Anonditungamirira,
Ndikunde miedzo 'po;
Kunyange ndinotambudzwa,
Nemiedzo yaSatan’,
Ndichakunda zvinhu zvose,
NaShe Jesu pan’ apa,
Ndichakunda zvinhu zvose,
NaShe Jesu pan’ apa.

Ndotevera Jesu Ishe,
Murudo rwake pano,
Kusvikira ndinoenda,
Kundogara naye ’ko:
Ipapo ndichamukudza
Navatendi vose wo,
Pamwe chete tichavonga
Jesu Kristu saMambo,
Pamwe chete tichavonga,
Jesu Kristu saMambo!

# Handizivi nzira yaMwari

Mukunatswa kwangu,
Kana nyasha dzaJesu She,
Muzvitadzo zvangu;

KORASI
Bva ndoziva wandakatenda,
Ndozivisisa anokwanisa,
Kubata zvandakamupa
Kumugumo wenyika,

Handizivi nzira yaMwari,
Sezva anondipa
Simba rokutenda zvino,
Nokumutevera.

Handizivi nzira yaMwari
Sezva anobaya
Mumwoyo yavanhu vose,
Vagosunungurwa.

Handizivi nguva yaKristu
Sezva achadzoka,
Kana nzira yokuuya,
Ndiende kudenga.

## Handizivi (Handizivi)

Zvimwe zvinhu; (Zvimwe zvinhu;)
Handiendi
Dzimwe nzvimbo, (Dzimwe nzvimbo,)
Bva ndoziva, (Bva ndoziva,)
Chinhu chimwe (Chinhu chimwe)
She mupenyu! Ndinomunzwa!
Ndinomuda! (Ndinomuda!)

KORASI
She mupenyu (She mupenyu)
Mandiriwo, (Mandiriwo,)
Waponesa; wabatsira,
Nhasi uno; (Nhasi uno;)
Rudo rwake, (Rudo rwake,)
Rwanunura; (Rwanunura;}
She mupenyu! Ndinomunzwa!
Ndinomuda! (Ndinomuda!)

Handizivi, (Handizivi,)
Wakanzwa chiyi, (Wakanzwa chiyi,)
Sezvo Jesu
Wakunatsa? (Wakunatsa?)
Bva ndoziva, (Bva ndoziva,)
Chinhu chimwe (Chinhu chimwe)
She mupenyu! Ndinomunzwa!
Ndinomuda! (Ndinomuda!)

Vamwe vanhu (Vamwe vanhu)
Vangatuke, (Vangatuke,)
Vamwe vanga-
Rambe Ishe; (Rambe Ishe;)
Bva ndoziva, (Bva ndoziva,)
Chinhu chimwe (Chinhu chimwe)
She mupenyu! Ndinomunzwa!
Ndinomuda! (Ndinomuda!)

## Mufudzi wangu ndiJesu,

Anondivatisa,
Anondipa zvinhu zvose,
Zvakanaka chose.

Jesu anondifambisa,
Mukururama wo,
Mwoyo wangu unofara
Munzira yake ’po.

Kunyange ndinofamba wo,
Munzira yorufu,
Handityi mukati mazvo,
Nokuti aneni!

Wakandigadzirira ’po,
Tafura pamberi
Pavavengi vangu pano,
Timukudze zvino.

Ndichagara naJehova,
Mazuva ose ’ko,
Asi zvino ndoteverwa
Netsitsi norudo.

## Nhas’ nesimba renyu, ndichamira, She;

Nokuda kwaJesu, ndichamira, She,
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira, She.

KORASI
Ndichamira; ndichamira, She;
Ndichamira; ndichamira, She;
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira, She.

Norudo rwaIshe, ndichamira She;
Norugare rwake, ndichamira She;
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira, She.

Nokuda kwenyasha, ndichamira, She;
Kunyange ndanetswa, ndichamira, She;
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira, She.

Mumatambudziko, ndichamira, She;
Nesimba norudo, ndichamira, She;
Somuti panofamba mvura mhenyu,
Ndichamira, She.

## Rugare nhas’, munyika yezvivi,

Ropa raShe ronatsa mandiri!

Rugare nhas’, kunyange ndonetswa,
Kuda kwaShe kunondifadzisa!

Rugare nhas’, mukati menhamo,
Bva Jesu anondisimbisa ’po!

Rugare nhas’, nehama dzaenda,
Asi Jesu anotichengeta!

Rugare nhas’, hatizivi zvose,
Bva tinoziva Jesu Kristu She!

Rugare nhas’, rufu runouya,
Asi Jesu She wakarukunda!

Tichazofa, tiende kudenga,
Mis’ yose Jesu tichamuvonga!

## Ndofamba naShe mazuva ose,

Chiedza chake chinopenya;
Jesu wakati, "Ndinewe kwose
Kwaunoenda pano apa."

KORASI
Mwenje yedenga, mwenje yedenga,
Inozadzisa mweya wangu!
Hareruya! Ndinorumbidza,
Ndakaponeswa; She ndowangu.

Kunyange Satan’ anondinetsa,
Jesu aneni misi yose;
Iye chiedza chenyika yose,
Ndichatevera mwenje yake.

Kunyange rufu ruchandibata,
Ndichatakurwa kudenga ’ko;
Asi mis’ yose pano panyika
Ndichamukudza nomufaro!

# Ndipeiwo Jesu Kristu She,

Ndipeiwo rufaro rwake
Kuti ndidzidzise vose,
Vaende kudenga naye.

KORASI
Ndipeiwo Jesu She,
Ndipeiwo Jesu She,
Kuti vose vamuzive,
Vaponeswe chose naye.

Ndipeiwo Jesu Kristu She
Ndidzidziswe chose naye,
Ndipeiwo Mweya Mutsvene
Kuti Jesu angakudzwe.

Ndipeiwo Jesu Kristu She
Ndinzwisise Shoko rake
Ndigoverane navamwe
Vazvipire kuna Ishe.

Ndipeiwo Jesu Kristu She
Ndinoda umambo hwake,
Iye achatonga vose,
Ndinoda kudzoka naye.

# Ndinofamba naJesu She,

Ndinofara misi yose,
Bva ndonetswa naSatani,
Saka ndinatsei pazvivi.

KORASI
She, ndinoda kukukudzai,
Saka ndinatsei pazvivi,
Ndoda kukushumira-i
Saka ndinatsei pazvivi.

Handidi kugara zvino,
Pakati pezvivi pano,
Ndichazokutevera-i,
Saka ndinatsei pazvivi.

Ndinoda kukunda zvino,
Miedzo yaSatan' pano,
Handina simba mandiri,
Saka ndinatsei pazvivi.

Ndoda kusvika kudenga,
Ndikudze Jesu nesimba,
Bva ndonetswa naSatani,
Saka ndinatsei pazvivi.

## Ndinokudai, Ishe, kundibetsera;

Nzwi renyu ndigonzwa kundinyaradza.

KORASI
Ndotsvaka imi moga;
mwoyo wangu womushuva;
Nditarire-i, Jesu; ndinyaradze-i.

Ndinokudai, Ishe; sara-i neni;
Ndingazokunda wo, muri pandiri.

Ndinokudai, Ishe, pandinofara;
Pandotambura wo musandisiya.

Ndinokudai, Ishe; ndinatswe chose;
Ndimushumire wo nomwoyo wose.

# Panguva yokuteura

Ndinonyaradzwa naBaba;
Ndouya nokukumbira
Nokushaya kunaBaba;
Panguva yokutambudzwa
Mweya wangu wanyaradzwa,
Ndinokunda mukuedzwa
Panguva yokuteura.

Panguva yokuteura,
Inguva yokukumbira
Kwaari, anovimbika,
NdiMwari wokuyamura;
Iye anondidaidza
Kumutsvaka nokuvimba,
Ndomuudza kutambudzwa,
Panguva yokuteura.

Panguva yokuteura
Ngandiwane kuyamura,
Ndichingogara panyika,
Misi yose ndoteura;
Kana ndichisiya nyika
Kuti ndiende kudenga,
Ndichatenda; ndichakudza
Nguva ’yo yokuteura.

## Hama yedu ndiShe, Jesu,

Watakudzwa kuipa,
Tapiwa kuti tiuye
Kwa’ri nokuteura;
Kunyarara hatiwani,
Tinotambudzwa kwazvo,
Nokuti hatitakuri
Zvose nomuteuro.

Takanetswa nokuedzwa,
Tinotambudzwa here?
Tiregei kurasha mwoyo,
Teura kuna Ishe;
Aripo watendisika
SaJesu ane tsitsi,
Waziva kurukutika,
Teura kuM’ponesi.

Takati rukutu here?
Zviripo zvinonetsa?
Muponesi bako redu,
Zvino tinoteura;
Hama dzako dzakuzvidza,
Teura kwaShe wako,
Pamaoko wochengetwa,
Wozorodzwa ikoko.

## Tichawana kuzorora,

Pedyo kwamutri, She,
Zvivi zvedu zvichabviswa,
Pedyo kwamuri, She.

KORASI
She Jesu Muponesi,
Tibatsirei pano,
Tiswededzwe kwamuri,
Pedyo kwamuri, She.

Tinonyaradzwa nemi wo,
Pedyo kwamuri, She,
Tinosimbiswa norudo,
Pedyo kwamuri, She.

Rugare ruchapiwa wo,
Pedyo kwamuri, She,
Topiwa rufaro zvino,
Pedyo kwamuri, She.

# Tipeiwo rumutsiriro, She;

Vanhu vakarashwa muzvivi;
Shoko renyu ngarisimbiswe,
Tishandiswe, She, nemi.

KORASI
Tipeiwo mwoyo mitsva;
Tipeiwo mwoyo mitsva;
Tipeiwo mwoyo mitsva;
Tishandiswe, She, nemi.

Tipeiwo rumutsiriro, She,
Kuti tiswededzwe kwamuri;
Tinoda kutendeuka zve,
Tishandiswe, She, nemi.

Tumirai kuna vanhu vose
Rumutsiriro, Jesu, nhasi,
Vaponeswe kubva muzvivi,
Tishandiswe, She, nemi.

Rumutsiriro ngarutange,
Vose vasingakutadzirei;
Mifaro yenyu youya wo,
Tishandiswe, She, nemi.

## She Wedenga ave nemi wo,

Amuperekedze kwose,
Agomuchengeta pose,
Ave nemi tiwonane zve!

KORASI
Tiwonane zve, tiwonane!
(wonane, tiwonane!)
Tiwonane, achida, (achida)
Tiwonane zve, tiwonane!
(wonane, tiwonane!)
Ave nemi, tiwonane zve!

She Wedenga ave nemi wo,
Muchengetwe zvakabata,
Muchiswera, muchivata,
Ave nemi, tiwonane zve!

She Wedenga ave nemi wo,
Amutaririre kwose,
Uye wo munhamo dzose,
Ave nemi, tiwonane zve!

She Wedenga ave nemi wo,
Amumbunde namawoko,
Amukundise norufu,
Ave nemi, tiwonane zve!

## Mudzimba dzedu, She,

Tipeiwo rudo nomufaro,
Tipeiwo nyasha nesimba wo,
Tipeiwo ruponeso zvino,
Mudzimba dzedu, She,
Mudzimba dzedu, She.

Mudzimba dzedu, She,
Simbisai Baba vatevere
Jesu mumwoyo mavo saShe,
Vakudze Jesu misi yose,
Mudzimba dzedu, She,
Mudzimba dzedu, She.

Mudzimba dzedu, She,
Simbisai Ma-i norudo wo,
Vawane simba nomufaro,
Vose vakudze Mwari wavo,
Mudzimba dzedu, She,
Mudzimba dzedu, She.

Mudzimba dzedu, She,
Vana vedu ngavadzidziswe
NeShoko renyu, vaponeswe,
Vatende kuna Jesu, saShe,
Mudzimba dzedu, She,
Mudzimba dzedu, She.

## Jesu, mundichengete,

Pedyo pam’chinjikwa;
Rakayerera tsime,
Mvura yokurapa.

KORASI
Ndofara, ndofara,
Pam’chinjikwa wake,
Nawo ndokomborerwa,
Misi yangu yose.

Ndomira pam’chinjikwa
Worudo netsitsi;
Wakandivenekera,
Ndiye Muponesi.

Ndomira pam’chinjikwa,
Gwayana raMwari;
Ndiyamure kufamba
Nemi, Muponesi.

Ndomira pam’chinjikwa,
Ndinogarovimba,
Ndoramba ndichitenda,
Ndosvika kudenga.

## Riripo tsime rizere neropa raJesu;

Vatadzi vakashambwa ’mo
vakarasa zvivi.

KORASI
Ndinotenda; ndinofara;
Jesu wandifira;
Napamuchinjikwa ropa
Randiparadzirwa.

Uyo mbava wakafara kuona tsime ’ro;
Neni mutadzi mukuru ndinotenda kwazvo.

Imi, Gwaiana raMwari, ropa rine simba,
Kutisunungura isu pane zvivi zvose.

Nokutenda ndakanatswa neropa raJesu,
Imi mose, marasika, musatya kutenda.

Kudenga tichamukudza Jesu, Muponesi,
Wakatiponesa isu nokusingaperi.

# Chiendai, vatendi; endai, kundorwa;

Chinjikano yaShe nayo wokunda.
Anotungamira ndiye Kristu She;
Chinjikano yaShe nayo wokunda.

KORASI
Chiendai, vatendi; endai kundorwa;
Chinjikano yaShe nayo wokunda.

Satan’ achatiza; anotya imi;
Chiendai, vatendi; muchakunda zve.
Anohuta kwazvo, achinzwa imi;
Simudza-i manzwi; rumbidza-i She.

Pfumo raShe Jesu ndiyo kereke;
Ngatiteverei wo kundorwira She;
Tiri vamwe isu, imwe dzidzo wo,
Vamwe pakutenda, uye rudo wo.

Chiuyai, vehama; tose tiendei;
Rwiyo rwokukunda ngatiruimbei;
Kristu ndiShe wedu; ngatimukudzei
Nokusingaperi, timurumbidzei.

# Rakanaka iro zuva

Randakatenda kuna She;
Mwoyo wangu unofara,
Ndinoudza vanhu yose.

KORASI
Ndofara, ndofara,
Nokuti ndakashambidzwa,
Jesu wakandidzidzisa,
Kutsunga nokuteura,
Ndofara, ndofara,
Nokuti ndakashambidzwa

Chitenderano chitsvene
Chinondisunga kuna She,
Ngaizadzwe Imba yake,
Nenziyo dzingamukudze.

Basa guru rakapedzwa,
Ari wangu, ndiri wake;
Ndinofara kumubvuma,
Ndayevedzwa ne’zwi rake.

Mwoyo wangu uzorore,
Neichi chitenderano;
Urege kusiya Ishe,
Iye anadzo nduramo.
Nokudenga wakachinzwa
Ichi chivimbiso changu;
Achachinzwa misi yose,
Dakara rusvike rufu.

# Watakura zvivi Jesu

Zvisi zvivi zvake,
Akaripa mhosva Jesu
Isimhosva yake.

Waiva munhu ane nyasha,
Asina kutadza,
Raparara ropa rake,
Wakanaka Iye.

Kudarika kwedu kwose
Kwakanyorwa naye,
Nemhosva dzedu dzose wo,
Dzakanyorwa naye.

Taregerwa taponeswa,
Nezvirwadzo zvake,
Tinoshambwa pakuipa
Nero ropa rake.

## Sezva ndinorangarira,

Kufa kwaShe pam'chinjikwa,
Ndinozvipira kunaShe,
Nokurasha zvivi zvose.

Handidi wo kuzvikudza,
Asi Jesu ndinovonga,
Zvinhu zvose zvenyika 'po,
Ndinozvirasha nhas' uno.

Chitarisa zvanza zvaShe,
Chitarisa tsoka dzake,
Zvivi zvangu zvakamupa
Nhamo, ndiende kudenga.

Saka ndoda kumukudza,
Ndinoda kumutevera,
Ndinoda kuudza vose,
Vaponeswe chose naye.

# Kuna Jesu ndozvipira

Zvose ndinomupira
Ndichavimba nokumuda.
Ndichazogara na’ye.

KORASI
Ndopira zvose
Ndopira zvose
Zvose kwamuri M’ponesi
Ndopira zvose.

Kuna Jesu ndozvipira
Ishe pamberi penyu
Zvinhu zvenyika ndosiya
Ndigamuchirei Jesu.

Kuna Jesu ndozvipira
Ndiitei ndive wenyu
Ndibatei Mweya Mutsvene
Ndizive muri wangu.

## Gam’chirai mweya wangu,

Ndokupirai upenyu;
Gam’chirai misi yose,
Ngaikurumbidzei She.

Mugam’chire maoko,
Aite basa renyu;
Gam’chirai tsoka, Ishe,
Kuti dzikumanyirei.

Gam’ chirai izwi rangu,
Riimbire She vangu,
Mugam’chire miromo,
Iparidzire Mambo.

Mari yangu, gam’chirai,
Pasina chandasiya;
Gam’chirai ndangariro,
Chiitai basa nayo.

Gam’chirai kuda kwangu,
Kuti kusave kwangu;
Zvino gam’chirai mwoyo,
Chive chigaro chenyu.

Gam’chirai rudo rwangu,
Ndokupai pfuma dzangu;
Mundigam’chire, Ishe,
Nguva isingaperi.

## Zvikomborero kwamuri,

Izvi chitsidzo chaMwari,
Tichazopiwa masimba,
Tichazokura mumweya.

KORASI
Zvikomborero,
Zvikomborero zvizhinji,
Zvikomborero tinoda,
Zvikomborero zvaMwari.

Zvikomborero zvichena,
Zvinochenesa mumwoyo,
Zvinopfumisa varombo,
Zvinosimbisa vapwere.

Zvikomborero zvedenga,
Hazvitutsiri urombo,
Hazvitiiti wadadi,
Zvinobatsira vatendi.

Zvikomborero zvizhinji,
Ngazvitambirwe nhasi,
Ngatikumbire Jehova,
Mupiwe zvipo zvose.

## Tine chipo chakakomba,

Chatakapiwa iyesu;
Takapiwa naJehova,
Icho chipo chatinacho.

Chakakomba icho chipo,
Kwavari vakachiwana ;
Vanochida kwazvo icho,
Pam’soro pezvinhu zvose.

Chine simba icho chipo,
Kwavari vakachiwana;
Choupenyu icho chipo,
Kwavari vakagam’chira.

Icho chipo ndiye Jesu
Chatakapiwa iyesu;
Ndiye chipo chakakomba
Kwavari vanomutenda.

Tinomutenda Jehova,
Naicho chipo chikuru;
Tomutenda Mwari oga,
Nokutipa Mwana wake.

## Mwari anoti kuvanhu vake,

"Munongondibira ini."
Asi tinoti, "Tobira zvipi?"
Wodavira, "Nezvegumi!"

KORASI
Zvegumi ndezva Jehova!
Zvose zvobva kwaari She.
Zvegumi ndezva Jehova!
Ngatimupe zvake.

Tinoudzwa zve naIshe wedu,
"Uyai nezvegumi zvose,
Muise mumba maMwari wenyu;
Zvokudya zvive ’po chose."

"Muchindiidza," Mwari wadaro,
"Ndichakomborerera imi;
Ndogozarura maropafadzo,
Ndichakanganwira zvivi."

Tingachengete zvomumwe, here?
Iye wakatipa zvose.
Ngatimupirei nomwoyo wose,
Tigoratidza rudo zve.

## Rega-i kukundwa, bva mwoyo tsungai,

Kana muchikunda, masimba kudai,
Irwa-i nesimba; She wenyu tendai,
Chitarirai Jesu; She achakurwirai!

KORASI
Nyengeterai kwaari,
Ishe ndi mununuri,
Jesu ndi mubatsiri,
She achakurwirai!

Rega-i vaipi; kutuka regai;
Zita raJehova chirirumbidzai;
Muve nounyoro, bva nhema vengai,
Chitarirai Jesu; She achakurwirai!

Vakundi vopiwa korona uko;
Imi muchakunda, musazotyawo!
Muchasibatsirwa, chitsungirirai;
Chitarirai Jesu; She achakurwirai!

## Mukai, mukai, vatendi!

She wenyu chirwirai!
Vepfumo rake rose,
Mireza murudzai!
Pakurwa muchakunda,
She Jesu anemi,
Vavengi vagopera,
Kristu agova She!

Mukai, mukai, vatendi!
Hwamanda tererai;
Endai kupfumo mose,
She wenyu teverai;
Imi, varanda vaShe,
Uyai, mushumirei;
Nyangwe munjodzi huru
Nesimba murwirei!

Mukai, mukai, vatendi!
She wenyu mirirai;
Nesimba rake roga
Varume simukai!
Nenhumbi dzose dzaShe
Mutore, chipfekai;
Pamunodanwa pose,
Musatya, chipindai!

Mukai, mukai, vatendi!
Anozoperawo
Mapfumo pano pasi,
Patairwa nawo;
Vakundi vanopiwa
Korona ikweyo;
Vachazobata ushe
Husingaperi ’ko!

## Tora zita roM’ponesi,

Mwana unotambudzwa;
Rokufadzisa chokwadi,
Ritore pakuenda.

KORASI
Panyika, kudenga,
Izita rakanaka,
Panyika nokudenga,
Izita rakanaka.

Tora zita roM’ponesi,
Inhowo pakuedzwa;
Zviedzo zviri kwauri,
Nezita ’ro, teura.

Jesu, zita rakanaka,
Rinotisimbisazve;
Tinogam’chirwa nokuda,
Toimba nziyo dzake

Tichipfugama kwaari,
Tichiwira patsoka;
Toisa ngundu kwaari,
Rwendo rwedu rwapera.

# Dzvara mangwanani; mbeu dzakanaka;

Dzvara masikati namadekwana;
Vakushi vashoma; unodanwa nhasi;
Tinodanwa tose kubasa raShe.

KORASI
Uya-i navo; uya-i navo;
Vanhu varasika, chivadzoserai;
Uya-i navo; uya-i navo;
Vanhu varasika, chivadzoserai.

Mbeu, tinodzvara, ndiro Shoko raShe,
Rinotidzidzisa nzira kudenga;
Rinoratidzawo Jesu 'soM’ponesi
Wavatadzi vose vakarasika.

Varipo vazhinji, vachifamba zvavo,
Havana kuudzwa zvaMuponesi,
Isu vanyai vaShe, takapiwa basa
Kudzosera vose vari murima.

Tiendei, tidzvare; tirege kuzeza,
Zuva rinouya tichazorora.
Tichapiwa tose mubairo wedu,
Tichikwana tose nokufara wo.

# Ndosangana sei naJesu?

Ndichandomuvigirei?
Handina mumwe wokupa,
Zuva rimwe; ndoitei?

KORASI
Ndosangana sei naJesu?
Ndichandomuvigirei?
Zvandisina mumwe oga
Kundoisa kuna She!

Handichatyi rufu ini,
Zvandarwirwa wo naye;
Bva ndonyara zvandisina
Chandingavigira She.

Dai makore okuchinya
Ndaiadzoserwa zve,
Ndaiapa Jesu wangu,
Ndaiterera iye!

So, mutendi, usazeza;
Muka, chibatira She;
Shingairira vatadzi,
Rwisa kuvadzosa zve!

## Chiponesai vafi, navanopera;

Vose vabatwa nezvivi rwirai;
Vakagumburwawo muvamurudze,
Simba raJesu She chivaudzai!

KORASI
Chiponesai vafi navanopera:
Vose vabatwa nezvivi rwirai.

Nyangwe vorambawo, unomirira
Kugamuchira vatendeuka.
Vagombedzere-i, vauye zvino;
Mhaka vachakanganwirwa naye!

Mwoyo womunhuwo, nyangwe washata,
Angazonatswa nenyasha dzaShe;
Angadzosiwazve; akashandurwa;
Angamutsiwe, agotendazve.

Chiponesai vafi, samarairwa;
Muchasimbiswa naJesu, tsungai!
Nenzira nhetewo muvaratidze,
Muvaudze-i: She anomudai!

## Uya-i madzima-i, kwose paridza-i;

Chiimba-i, Kristu ndiye Mwari, .
Kristu wakamuka, Kristu ndiye mwenje,
Rumbidza-i.

Unza-i vana vose, nehanzvadzi dzose,
Dzidzisa-i kuna vanorwara,
Vakarukutika, vagere murima,
Shandira-i.

Shanda-iwo nesimba, kwaedza chi’mba-i,
Mupe rudo, moshonga nyenyedzi,
Mwoyo yofadzika, momutswa norudo,
Chivimba-i.

Kana mozokohwa, naIshe mopihwa,
Noruwando, Kristu wavanyoro,
Kristu achatsvakwa, Kristu chipo
nokusingaperi.

## Zadzisa-i basaro raShe wenyu,

Kuzivisa nyika zvoMusiki;
Anodisa mweya yose ibvewo
Murima rino renyika iyi.

KORASI
Paradzira-i matama wo
AIshe Jesu, Muponesi wedu!

Tarira-i vazhinji vagere ’mo
Muzarima torongo rezvivi;
Vasina wo kunzwa zvoMuponesi;
Wakafira vose zvivi zvavo.

Shambadza-i wo kumarudzi ose,
Kuti Mwari ano rudo nesu;
Wazvipira kuti tigoponeswa;
Tigogara naye muchadenga.

Uyai, handei, tibate basa raShe;
Vazhinji vagonzwa vatende wo;
Regai kutya, Ishe anavo vose
Vabatsiri vebasa rakero.

## Tine nyaya kuudza marudzi,

Yovaratidza kururama
Yechokwadi inotapira
Yorunyararo nomwenje
Yorunyararo nomwenje.

KORASI
Rima richazova kuedza,
Marirakwedza achachena;
Umambo hwaKristu hwouya;
Umambo hwenduramo.

Tine rwiyo kwaari marudzi,
Ruchamutsa mwoyo kuna She;
Rwiyo rwokunda chitema
Rwoparadza pfumo negano,
Rwoparadza pfuma negano

Tine dama rokupa marudzi,
RaIshe wotonga pam’soro;
Watuma Mwana kuponesa,
Wozivisa Mwari rudo,
Wozivisa Mwari rudo.

Tine Ishe waose marudzi,
Wakafamba nomurusuwo,
Kuti marudzi epasi
Azive idi raMwari,
Azive idi raMwari.

## Ngatibatei nesimba; tisavirirwa ’po;

Ngatibatei mangwana nokwadziya wo.
Ngatibatei ropisa, namasikati wo;
Ngatibatei nesimba, zuva richi’po.

Ngatibatei nesimba; tisavirirwa ’po;
Ngatibatei mis’ yose, tichisungawo;
Nenhambo imwe n’imwe ngatibatei nayo;
Ngatibatei nesimba; zuva richi’po.

Ngatibatei nesimba; tisavirirwa ’po;
Rima roda kusvika, ch’edza chichi’po;
Ngatibatei kwasviba, namadekwana wo;
Negatibatei nesimba, zuva richi’po.

## Ndoenda naJesu muzvinhu zvose,

Ndoenda naJesu ndiudze vose,
Ndoenda naJesu ndimukudzewo,
Ndoenda naJesu norudo zvino.

KORASI
Ndoenda; ndoenda,
Ini handityi,
Ndoenda naJesu,
Iye aneni.

Ndoenda naJesu mukuedzwa wo,
Jesu wakayedzwa naSatan’ pano,
Asi Jesu wakatomukunda ’po,
Ndoenda naJesu; ndichakunda wo!

Ndoenda naJesu; handifambi 'po,
Ini ndoga muzvivi zvangu pano,
Asi Jesu wakatondifira 'po,
Ndoenda naJesu ndifare zvino!

Ndoenda naJesu ndizivise wo
Vose vanobatwa nezvivi pano,
Jesu ane simba avanatse wo,
Ndoenda naJesu; iye aripo.

Ndoenda naJesu kunyange pano
Rufu runondikonzera ndife 'po,
Jesu achanditakura kudenga,
Ndoenda naJesu; ndichamuvonga!

## Chinzwai Mufudzi wedu ’po,

Anotitsvaka norudo,
Tiuye kwaari zvino,
Tiri makwai ake pano.

KORASI
Vapinzei! Vapinzei!
Vose varasika, pinza-i!
Vapinzei! Vapinzei!
Vauyisei kuna Jesu!

Ko, ndivanani vachapa
Nguva dzavo dzokubata
Vakarasika muzvivi,
Vaponeswe nhas’ naMwari!

Chinzwai manzwi avatadzi,
Vakarasika muzvivi,
Chinzwai She wokudana-i,
"Uyisai vose kwandiri!"

## Panyika dziri kure,

Kuchando zvirokwazvo,
Nenyika dziri pedyo
Kupisa basi-basi,
Panyika dzemakomo
Nedzimwe dzemikana,
Vanoti, "Uyai hama,
Tinoda Mwari wenyu."

Jehova wakanaka
Kudisa vanhu vose,
Anopa mvura yavo
Nezuva nezvokudya;
Nezvisimiro zvavo,
Nenyama pamakomo,
Vapiwa izvi zvose;
Havamutendi, Mwari.

VaKristu, titi pano,
Taziva ruponeso,
Tonyima ivo here,
Upenyu hwedu hutsva?
Mashoko akanaka,
Nga’tumwe kuna vose
Dakara vanhu vose
Vazive Mwari wedu.

Mabasa edu tose
Kugara zvakanaka
Nokubatsira avo
Vasingazivi Mwari;
Dakara Jesu Kristu
Adzike zve panyika
Kutonga vanhu vose,
Kuita Mambo wedu.

## Takanzwa shoko raShe, She wotiponesa!

Zivisai vanhu vose, She wotiponesa!
Chiendai kwose kwose,
Rumbidzai Jesu saShe,
Paridzai nyika yose, She wotiponesa!

Tumirai shoko iri, She wotiponesa!
Zivisaiwo vatadzi, She wotiponesa!
Imba-i kuna vose,
Vatende Jesu saShe,
Vaponeswe naIshe, She wotiponesa!

Imba-i muhondo wo, She wotiponesa!
Wakatipa munondo, She wotiponesa!
Imba-i mukusuwa,
Sezva munotambudzwa,
Imba-i mukukunda! wotiponesa!

Simudzai manzwi enyu, She wotiponesa!
Anotipa upenyu, She wotiponesa!
Murapi wakauya,
Jesu wakatifira,
NaKristu tinokunda, She wotiponesa!

## Vamwe vanhu vanotidana zvino,

Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai),
Vangaponeswe naJesu Kristu She,
Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai),

KORASI
Chiendai ..... kuna vanhu vo--se,
(Chiendai kuna vanhu vose)
Zivisai
(Zivisai)
ZvaJesu She,
(ZvaJesu She,)
Chiendai ..... kuna vanhu vo--se,
(Chiendai kuna vanhu vose)
Paridzai
(Paridzai)
Shoko rake,
(Shoko rake.)

Tanzwa inzwi ravo kwatiri pano,
Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai),
Handei, tivabatsire iye zvino,
Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai).

Musarasha mwoyo yenyu mubasa,
Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai),
Muchapiwa mubairo kudenga
Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai)

Ngatinamatei kuna Jesu saShe,
Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai),
Vaparidzi vachasimbiswa naYe,
Chiendai, (Chiendai),
Chiendai, (Chiendai).

## Vazhinji ‘po vasingazivi Jesu,

Havanzwisisi nzira kudenga,
Ndivanani vachavaudza zvaShe,
Vaponeswe naShe iko zvino?

KORASI
Endai kuna vanhu vose,
Endai kuna vanhu vose,
Jesu wakapiwa wo,
Simba rose 'po,
Tarirai anesu tose!

Tarisa-i, tapiwa nguva zvino,
Yokuenda tizivise vose;
Mukai zvino, tiudze vose pano,
Vaponeswe, vatevere Ishe.

Nemhaka yei muchafa pasi pano,
Muende ’ko kugomba romwoto?
Jesu Kristu wakatifira tose,
Tiende kudenga norufaro!

Ngatiendei, kuti vose vauye,
Vaimbe wo rumbidzo kuna She,
Isu tose tichafara zvikuru
Pamberi paJesu Kristu Ishe!

## Tarirai, kune nyika uko

Nokutenda toona iyo;
Bambo vedu vanogara ’po,
Vachingogadzirira isu.

KORASI
Tichandofara wo
Musi watichazosvika ’ko
Tichandofara wo
Musi watichazosvika ’ko.

Tichazondoimbira apo
Nziyo dzavadikanwa vaShe;
Mweya yedu ichafara wo,
Ichingozorodziwa naye.

Tichandounganira apo,
Tichandokudza zita raShe;
Nyasha dzake tichavonga wo,
Tazopiwa zororo naye.

# Moenda kudenga, here?

Muchasvika, ko, kunaShe?
Ruwadzano rwakanaka,
Kudenga naJesu She.

KORASI
Ee! Tichasvika kudenga
Tichavonga,
Tichakudza She Jesu,
Towadzana nehama kudenga,
Pamberi paJesu She.

Tichafara wo kudenga,
Tichakudza zita raShe,
Nokuda kwenyasha dzake,
Dzapiwa isu naShe.

Sezvo tosvika kudenga,
Ticharasha nhamo dzedu,
Matambudziko obviswa,
NaIshe Jesu Kristu,

Nguva yedu inopera,
Kuenda kuri pedo,
Ngatipupurirei vose,
Vaende kudenga wo.

# Ndaitsvaka zvinhu zvose zvenyika,

Bva hazvina kundigutisa,
Ipapo She wakandidana,
"Tenda kwandiri; uchafarisa!"

KORASI
She, ndinatsei,
Kubva muzvivi,
Ndinorasha zvitadzo zvino,
Ndine nzara nokuda kwoutsvene,
Ndinatswe, nemi, She, nhasi uno.

Saka hama dzangu tenda-i Jesu,
Nzara yenyu ichagutiswa,
She Jesu achakunatsa-i,
Kana muchizvipira kwaari.

Zvinhu zvose zvenyika zvinopera,
Hazvigoni kutigutisa,
Bva uyai kuna Jesu Kristu,
Ane simba rokutichenesa!

Saka, hama dzangu, tenda-i Jesu,
She woga angakuponesei,
Wakatifra pam’chinjikwa,
Mupenyu nhas’ tiponeswe naye!

## Jesu anondida; shoko rake ndanzwa;

Vana, anovada; simba, anovapa.

KORASI
Jesu wandida; Jesu wandida;
Jesu wandida; ishoko randanzwa.

Jesu anondida; ndiwakandifira;
Wakandigadzira pandichandokwira.

Jesu anondida; uri pedyo neni;
Kana ndobvva pano, ndondogara naye.

## Pedo, Wedenga She, ndiswededzei;

Nyangwe ndowirwa wo nenhamo sei;
Ndinogoimba zve, pedo, Wedenga She,
Pedo, Wedenga She, pedo nemi.

Nyangwe ndavirirwa ndoga hangu,
Ndikadzimira wo nzira yangu;
Munjodzi ndive zve pedo, Wedenga She,
Pedo, Wedenga She, pedo nemi.

Bva nyasha chindipai, ndibetserei;
Nyangwe munhamo wo, ndimukudzei;
Igoswededze’ni pedo, Wedenga She,
Pedo, Wedenga She, pedo nemi.

Kana ndapedza, She, rwendo rwangu,
Ndichigokwira wo kudenga ’ko,
Ndichandoimba zve; pedo, Wedenga She,
Pedo, Wedenga She, pedo nemi.

## Nguva yakanakisisa yokukurumbidza,

Kana tadzoredzaniswa pam’soro kudenga;
Ndizvozvo tichinzwa mazwi echisimbisiso,
Chokuti kana tikafa pane ino nyika.

KORASI
Tinosangana kudenga neropa raJesu;
Nokutenda kuna Jesu tichasanganiswa.

Kunakisa kworugare rwakasunga mwoyo;
Isu kana taungana pazita raKristu;
Mwanakomana waBaba wakakomborerwa;
Chifungidziro chokuti tichasanganiswa.

Hongu, nokukurumbidza, kukunda zviedzo
Tsoka dzedu dzakaneta dzichayambukira;
Zambuko rine ndarama pavakagarira;
Avo vanotida isu; kuripo rufaro.

Kana kutsaukaniswa kukange kwasvika
Namazuva mashomana makore mashoma,
Tichava naye M’ponesi pana idzo nzvimbo
Dzatinoreverwa kunzi tichasanganiswa.

## Rufaro ruri mumwoyo wangu;

Rufaro ndanzwa rudo rwake;
Zvitadzo zvaregerwa;
Ndinofamba kudenga,
Mwoyo unofashaira norufaro.

# Mazwi akanaka haafi, haafi,

Mazwi akanaka haangafi.

## Hakuna kuchema mumba kudenga,

Mumba kudenga, mumba kudenga;
Hakuna kuchema mumba kudenga,
Asi runyararo nom’faro.

## She Jesu wakatiponesa; ibasa rake She;

Hakuzi kuzotipomera; kutonga ha'kudi;
Unonzi Muponesi; unonzi Muponesi;
Unonzi Jesu Muponesi; izita guru sei!

# Zviri pasi peropa; zvivi zvangu zvose

Zviri pasi peropa raJesu;
Zvivi mumwoyo wangu zvingabvviswe imomo;
Zviri pasi peropa raJesu.

## Zvabviswa, zvabviswa, zvabviswa;

Zvivi zvangu zvose zvabviswa;
Zvabviswa, zvabviswa, zvabviswa,
Zvivi zvangu zvose zvabviswa;
Jesu Kristu wabvisa zvose, hareruya;
Zvabviswa, zvabviswa, zvabviswa:
Zvivi zvangu zvose zvabviswa.

## Ndine nzvimbo kudenga yakanakisa;

Ndine nzvimbo kudenga yakanakisa;
Ndine nzvimbo kudenga yakanakisa;
NaIshe wangu.

KORASI
Ishe, Ishe, ndirangaririrei
___ Pamhidza katatu ___
Kure, kudenga.

Ndatenda She Jesu; watenda here?
___ Pamhidza katatu ___
SoM'ponesi wako.

## Hakuna nzvimbo; hakuna nzvimbo;

Hakuna nzvimbo kudenga;
Hakuna nzvimbo yavakaipa;
Hakuna nzvimbo kudenga.

Iripo nzvimbo; iripo nzvimbo;
Iripo nzvimbo kudenga;
Iripo nzvimbo yavanotenda;
Iripo nzvimbo kudenga.

## Jesu anoda vana vose, vana vose venyika;

Vatema, navachena, vamwe vana vose,
Jesu anoda vana vose.

# Jesu, Shamwari yavatadzi; (Yavatadzi)

Ndiye ano ruponiso! (Ano ruponiso)
Padutu rine hasha;
Jesu, Shamwari yedu. (Shamwari yedu.)
___ Pamhidza zve ___
IShamwari, IShamwari,
IShamwari yedu. (Shamwari yedu.)
___ Pamhidza zve ___

## (NaJesu) Tofamba naye; togara naye;

Torara naye: tomuka naye!

## Ndasunungurwa; ndatenda, She,

Ndasunungurwa; ndatenda, She,
Ndanga ndasungwa namaketan’ aSatan-i,
Ndasunungurwa; ndatenda, She.

# Ndino rufaro mumwoyo.

Ndino rufaro mumwoyo.
Ndakatengwa neropa raJesu.
Ndino rufaro mumwoyo.

Ndino rugare mumwoyo.

Ndina Jesu She mumwoyo.

## Ndiye She, (Ndiye She)

Ndiye She, (Ndiye She)
Wakamuka murufu; ndiye She, (ndiye She,)
Topfugama ’po; topupurira wo,
Kuti Jesu ndiye She!

## Nodoita chitsidzo changu naJesu;

Ndiye wandiita; ndosiya zvivi zvangu.
___ Pamhidza kaviri ___
Ndosiya zvivi zvangu.
___ Pamhidza kana ___

## Reru, reru, reru, reru, mumwoyo mangu;

Ndaponeswa; ndiMambo, Jesu;
Reru, reru, reru, reru mumwoyo mangu,
Ndaponeswa naShe. (Mambo rerukira.)

# Rine simba Vangeri. (Rine simba.)

___ Pamhidza kana ___

KORASI
Ndanguri ndakuudza kuti rine simba.
___ Pamhidza kana ___

Ngariende Vangeri. (Ngariende.)

Rakanaka Vangeri. (Rakanaka.)

Paridza-i Vangeri. (Paridza-i.)

# Satan-i (Satan-i,)

Wandisunga ini, (Wandisunga ini,)
Asi Jesu wandisunungura,
Ini hapana munhu panyika,
Yepasi waigona kundisunungura.

## She wakatifira,

(tifira,)
She wakatifira,
(tifira, tifira,)
She wakafa pam’chinjikwa,
She wakatifira.

She wakavigwa 'ko,
(vigwa ’ko,)
She wakavigwa ’ko,
(vigwa ’ko, vigwa ’ko,)
Wakabviswa pam’chinjikwa,
She wakavigwa ’ko.

She wakamuka zve,
(muka zve,)
She wakamuka zve,
(muka zve, muka zve,)
Apinde mumwoyo medu,
She wakamuka zve.

She achadzoka zve,
(dzoka zve,)
She achadzoka zve,
(dzoka zve, dzoka zve,)
Tiende kudenga naye,
She achadzoka zve.

## Tiri vaeni, isu, panyika ino;

Toenda kwedu kudenga ’ko;
___ Pamhidza zve ___
(Toti) Hareruya! (Toti) Hareruya!
(Toti) Hareruya, Hareruya, Hareruya!
___ Pamhidza zve ___

## Zuva guru rangu ndaponiwa kutsva,

___ Katatu ___
Zuva guru ndaponiwa kutsva!

Zvivi zvangu zvekare,
Handizvidi zvino;
___ Katatu ___
Zvivi zvangu handizvidi zvino.

## Jesu She, ndinomukudza;

Muponesi naMambo wo,
Ndichamutevera zvino.
Jesu She, ndinomukudza;
Ndomuda nokumuvonga; ndomutevera.

## Wogona; wogona; Jesu anogona;

Ndinoziva Jesu anogona.
___ Pamhidza ___
Anoporesa bofu; wotisunungura;
Anofambisa zvirema, nokutichenesa.
Wogona; wogona; Jesu anogona;
Ndinoziva Jesu anogona.

## Mu---mwe angatiponese;

(Jesu chete, Jesu chete,)
___ Pamhidza katatu ___
Jesu Kristu chete! (Hareruya!)

Ten---dai kuna Jesu Kristu,
(Tendai Jesu, tendai Jesu,)
___ Pamhidza katatu ___
Tendai Jesu saShe! (Hareruya!)

## Vamwe vosara; ndoenda ndoga;

___ Pamhidza katatu ___
Handidzoki; handidzoki.

KORASI
Ndasarudza kutevera Jesu;
___ Pamhidza katatu ___
Handidzoki; handidzoki.

Motora zvinhu; ndipeiwo Jesu;
___ Pamhidza katatu ___
Handidzoki; handidzoki.

Ndosiya zvinhu, ndiwone Jesu;
___ Pamhidza katatu ___
Handidzoki; handidzoki.

## Famba naJesu;

Famba naMwari; kwete muzvivi.
Famba naJesu; famba naJesu Kristu.

Famba muchiedza; famba mukusuwa;
Famba naMwari; kwete muzvivi.
Famba muchiedza; famba mukusuwa
Famba naJesu Kristu.

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

*— hymn text missing on the site —*
*read this hymn at nziyo.com*

## Endai kuna vanhu vose;

Endai naJesu She!
Endai kundovabatsira
Vazive Jesu She!
Wakatifirawo tose
Tiende kudenga!
Endai kundoparidza Jesu,
Endai! Endai! Endai!

## Ndanzwa izwi richigogodza,

Mukati mumwoyo wangu.
___ Pamhidza ___

KORASI
Zarura musuvo; regera Ishe apinde
___ Pamhidza ___

NdiShe Jesu unogogodza
Mukati mumwoyo wangu.
___ Pamhidza ___

## Zarurai mwoyo; Jesu wogogodza!

Zarurai mwoyo; usabate bate,
Zarurai mwoyo; Jesu wogogodza!
Iwe neni tisiye zvitema!

Tendai Jesu; Iye anokunzwai.

## Tendai chete; tendai chete;

She angazviite; tendai chete.
___ Pamhidza ___

## Baba, dzokerai kuna Jesu;

___ Pamhidza katatu ___
Muchaponeswa.

Mai, dzokerai kuna Jesu;

Mwana, dzokera kina Jesu;

Iwe, dzokera kuna Jesu;

Mose, dzokerai kuna Jesu.

## Uyai mose; tinamate Mwari!

___ Pamhidza katatu ___
Uyai mose zvino!

Kandirai Jesu kufunganya kwenyu,
___ Pamhidza katatu ___
Uyai mose zvino!

## Mwoyo wangu, mwoyo wangu,

Pindai mumwoyo mangu;
Pindai nhasi; sarai neni;
Pinda-i mumwoyo mangu.

## Tendai, She; mandibatsira;

Tendai, She; mandiponesa;
Tendai, She; munozondipa;
Zvinhu zvose zvakanaka!

## She wangu, ndibatei;

Ndirapei; ndisimbisei;
Ndoneta; ndoshayiwa simba, She;
Kunyange kudaro
Ndinatsei; ndisimbisei,
Ndibate-i, Jesu She, ndirapei!

Ndafamba murima;
Ndarashwa; ndakatadza;
Ndaenda muzvivi zvangu, She;
Kunyange kudaro
Ndinatsei; ndisimbisei,
Ndibate-i, Jesu She, ndirapei!

# She, ndoda kuva muKristu,

Mumwoyo, mumwoyo;
She, ndoda kuva muKristu, mumwoyo.

KORASI
Mumwoyo, (Mumwoyo,)
Mumwoyo, (Mumwoyo,)
She, ndoda kuva muKristu, mumwoyo.

She, ndoda kuva norudo ...

She, ndoda kuva mutsvene ...

Handidi kuva saJudas’ ...

She, ndoda kuva saJesu ...

## Ishe, muite kuda kwenyu,

Muri muiti; ndiri ivu;
Ndiumbei kufanana nemi,
Ndichamirira, ndozvipira.

Ishe, muite kuda kwenyu,
Munditsvakei nokundiedza;
Ndisukei, She, ndichacheneswa,
Pamberi penyu ndokotama.

Ishe, muite kuda kwenyu,
Ndoneta, saka ndibatsirei;
Simba resimba ndiro renyu,
Ndibatei nokundiponesa.

Ishe, muite kuda kwenyu,
Ndibatei nesimba pam'soro;
Ndizadzei nomweya vaone
Kristu woga mukati mangu.

## Kana muri murombo, munoshaiwa chaizvo

Zvinhu zvenyika zvinotengwa pano,
Verengai shoko rake; muchachengetwa naye;
Tora-i mutoro wenyu kuna She!

KORASI
Kuna She! Kuna She!
Tora-i mutoro wenyu kuna She!
Kana muchitenda She, muchabatsirwa naye!
Tora-i mutoro wenyu kuna She!

Kana muchirwara wo mumuviri wenyu 'po,
Muchida kurasa mwoyo wenyu wo,
Tarisai kuna Ishe; mungaporeswe naye;
Tora-i mutoro wenyu kuna She!

Kana muchinetswa wo navavengi venyu 'po,
Munganamate kuna She nhas' uno;
Achakupai rugare; muchachengetwa naye;
Tora-i mutoro wenyu kuna She!

Sezvo munopedza wo upenyu hwenyu pano,
Muviri unotambudzwa nenhamo,
Chitarisai kuna She; batai ruoko rwake;
Tora-i mutoro wenyu kuna She!

## Ndinonetswa ’po panyika,

Nemiyedzo yaSatan,
Bva ndichabviswa kudenga,
Sezvo She achadzoka.

KORASI
Sezvo She, (Sezvo She),
Achadzoka, (Achadzoka),
Sezvo She achadzoka, (achadzoka),
Ndoenda kugara naShe,
Sezvo She achadzoka. (achadzoka).

Vadikanwa vangu vafa,
Muna Jesu Kristu She,
Ndichavaona zvakare,
Sezvo She, achadzoka!

Ndoenda kudenga naShe,
Wakandinatsa chose,
Ndoda kuzvigadzirirwa,
Sezvo She achadzoka.

## Ndinokuda-i, Jesu She,

SaMambo vangu ’po,
Handidi kukanganwa, She,
Rudo rwenyu pano.

KORASI
Ndinokudai, Jesu Kristu,
Nokuda kworudo rwenyu,
Rwakabvisa zvivi zvangu,
Ndinokudai, Jesu!

Ndinoda kurangarira,
Kufa kwenyu pano,
Ndibatsirei ndizivise
Vanhu vose zvino.

Ndinoda kurangarira
Kumuka kwenyu wo,
Makatokunda rufu ’po,
Ini ndikunde wo!

Munondiperekedza, She,
Ndikuteverei ’po
Ndiite kuda kwenyu, She,
Misi yose pano.

Ndinoda kukuteverai
Misi yose pano,
Kunyange ndinotambudzwa
Namatambudziko.

## Ndaifamba muzvivi; ndakatadza kwazvo!

Bva Jesu Muponesi wakandipa rudo!
Wakandinzwira tsitsi mumatambudziko,
She Jesu wakanatsa; wondipa mufaro!

KORASI
She Jesu wakanatsa zvivi zvangu zvose!
She Jesu wakanatsa; wondipa rugare!
Ndinofara zvikuru nokuda kwaJesu!
She Jesu wakanatsa muupenyu hwangu!

Ndinoda kuzivisa vadikanwa vangu
Zva Jesu, Mambo mutsva, woupenyu hwangu;
Vachafara zvikuru nokuda kwaJesu,
She Jesu wakanatsa muupenyu hwangu!

Chiuyai kuna Jesu, imi mose zvino,
Muchafara zvikuru kupiwa wo rudo;
Jesu anokuda-i; musatya henyu ’po,
She Jesu achanatsa zvitadzo zvenyu wo!

Ipapo tiri mumwe pamwe chete naShe;
Wakatifira tose tiponeswe naye;
Tichaenda kudenga tigare mis’ yose!
She Jesu wakanatsa zvivi zvedu zvose!

## Tendai Jesu nhas' uno,

Tendai Jesu munhamo,
Kunyange munonetswa,
Tendai Jesu nesimba!

KORASI
Tendai Jesu muzvose,
Tendai Jesu mis' yose,
Tendai Jesu mumwoyo,
Tendai Jesu nhas' uno!

Anondisimbisa 'po,
Wonditungamira wo,
Saka handityi pano,
Tendai Jesu nhas' uno.

Ndinoimba norudo,
Ndonamata munhamo,
Bva muzvinhu zvose 'po,
Tendai Jesu nhas' uno.

Tenda-i muupenyu,
Tendai Jesu murufu,
Ipapo tichasvika
Kudenga, tigogara!

## She woga angandinatsa,

She woga anogona,
Kubvisa zvitadzo zvose
Norufu pamuchinjikwa.

KORASI
Jesu, O, Jesu; nhas’ munomuziva?
Chimugamuchira! O, Jesu! O, Jesu!
Kunze kwake ticharasika!

She woga wokunda rufu!
She woga anondipa
Simba rokukunda Satan’
Neropa pamuchinjikwa.

## Rugare rwaJesu runoshamisa,

Runondisimbisa; runofadzisa;
Ndotevera Jesu mazuva ose,
Ndomukudza chose nokuda kwake.

KORASI
Jesu Kristu Ishe, Mambo mukuru,
Anondisimbisa mumwoyo mangu!

Ndochengetwa naShe m'kati menhamo,
Ndopiwa rugare mudambudziko;
Satan wondinetsa; ndinotambudzwa,
Asi Jesu Kristu wondisimbisa.

Zyinhu zvose pano zvichashandiswa
NaShe Jesu Kristu kutisimbisa,
Saka tokandira pam'soro paShe
Kufunganya kwose; tokunda naye!

## Ndinoziva Jesu mupenyu,

Achadzoka (Achadzoka),
Zve panyika (Zve panyika),
Ndinoziva ndakaponeswa,
Ndichagara (Ndichagara),
Wo kudenga!

KORASI
Ndinoziva (Ndinoziva),
Jesu mupenyu!
Achadzoka (Achadzoka)
Zve panyika;
Ndinoziva (Ndinoziva)
Ndakaponeswa,
Ndichagara (Ndichagara),
Wo kudenga!

Ndinoziva wakatendeka,
Shoko raShe (Shoko raShe),
Hariperi, (Hariperi),
Kunyange Satan' wondinetsa,
Ndomuona (Ndomuona),
Wo kudenga!

Ndinoziva anogadzira
Imba yangu (Imba yangu),
NaShe Jesu (NaShe Jesu),
She anondichengeta chose,
Ndomuvonga (Ndomuvonga)
Ndomukudza!

## Ndaifamba muzvivi zvangu,

Ndakanetswa ini,
Bva She wakandisunungura,
Zvino ari mandiri!

KORASI
Ari mandiri!
Ari mandiri!
Ruponeso rukuru,
She ari mandiri!

Satan’ wakandinetsa chose,
Ndaibatwa nezvivi,
Bva She wakapinda mumwoyo,
Zvino ari mandiri!

Satan’ wakabudiswa naShe,
Ndakapiwa tsitsi,
Chinhu chinoshamisa chose,
Kristu ari mandiri!

Bva zvino ndinofara chose,
Ndakapiwa ngoni,
Ndichazivisa vanhu vose
She ari mandiri!

## Ndakanzwa nyaya huru,

Pam’soro paJesu Kristu
Wakandifira pam’chinjikwa,
Agondiponesa;
Ndakanzwa zvokusuwa,
Rudo rwake wo, nenyasha
Dzakapiwa pam'chinjikwa
Ndigotendeuka.

KORASI
Ndokunda muna Jesu,
Mponesi, She wangu,
Wondida; wanatsa-
Wo neropa rake;
Ndisati ndamuziva,
Wakandida nenyasha,
Saka nhas’
Ndozvipira,
Kwaari saIshe!

Ndakanzwa zvokurapa
Kwomuriri wo nenyasha;
Wakafambisa wo zvirema,
Bofu rikaona;
Ndakadana, “She Jesu,
Chiponesai mweya wangu,”
Saka Jesu wakauya,
Wakandiponesa!

Ndakanzwa wo zvedenga,
Jesu wakarigadzira,
Vanhu vose vanosvika 'ko,
Vachafara kwazvo:
Ngatizvigadzirirei,
Kuti tisvike kwaari,
Tirumbidze Muponesi
Nokusingaperi!

## Jesu achadzoka pano,

Kutonga nyika yose wo,
Achabvisa nhamo pano,
Wotonga saMambo wavose wo!

KORASI
Achadzoka! Achadzoka!
Tichafara kuzomuona.
Zvimwe nhasi, kana mangwanani,
Toziva She wodzoka!

Zvose zvinoitika ‘po,
Zvotiratidza Jesu She
Achadzoka titorwe wo,
Tigare naye mazuva ose!

Vakafa muna Jesu She,
Vachamutswa vagare wo
Nesu tinotenda Ishe,
Tigare mis’ yose naJesu wo.

Sezva Jesu achadzoka,
Tichatorwa wo tigare
NaJesu navadikanwa,
Vatendi vaJesu, isu tose!

# Ndichaona Jesu Kristu,

Kudenga rimwe zuva,
Ipapo ndichamukudza,
Ndichazomunamata.

KORASI
Hareruya! Ndomuona!
Kudenga ndofarisa!
Hareruyal Ndomukudza!
Ndichazomunamata!

Ndichaona Jesu Kristu
Iye wakandifira,
Abvise zvitadzo zvangu,
Ndigare wo kudenga.

Kunyange ndinotambudzwa,
Kunyange ndinonetswa,
Jesu Kristu achadzoka,
Ndigare wo kudenga!

Tichafara misi yose,
Nokuda kwaJesu She,
Wakabvisa zvivi zvangu
Wakandipa rugare!

## Ndonetswa ..... namatambudziko

(Ndonetswa) chose,
Asi She ...... ari pano,
(Asi She) (ari pano)
Achandiperekedza kwose kwose,
(kwose kwose)
Saka, Ishe Jesu, ndisimbisei!
(ndisimbisei)

KORASI
Ndisimbisei ..... mukati menhamo,
(Ndisimbisei)
Ndisimbisei ..... mundinatsei kwazvo,
(Ndisimbisei)
Sezva ndinotambudzwa zviku---ru
(nenhamo zvikuru)
Mundichenesei, Jesu;
Ndisimbisei!
(Ndisimbisei!)

Kunyange, ...... ndinotambudzwa mu-
(Kunyange) mwoyo,
Jesu She ...... ari pano,
(Jesu She) (ari pano)
Achandipa rugare misi yose,
(misi yose)
Saka, Ishe Jesu, ndisimbisei!
(ndisimbisei!)

Ndoziva...... Jesu wakandifira ‘po,
(Ndoziva)
Ndoziva ........ wakamuka!
(Ndoziva) (wakamuka!)
Saka ndinomutevera mis’ yose,
(mis’ yose)
Saka, Ishe Jesu, ndisimbisei!
(ndisimbisei!)

# Jesu She ...... wakatakura,

(Jesu She) (wakatakura,)
Zvivi zvedu,
(zvivi zvedu)
Pam'soro pake;
(Pam'soro pake;)
Hakuna'po ..... angabatsire,
(Hakuna’po) (angabatsire)
Wakaita...... iye woga.
(Wakaita) (iye woga)

Isu wo...... tinotevera,
(Isu wo) (tinotevera,)
Jesu Ishe
(Jesu Ishe)
Nom'chinjikwa,
(Nom’chinjikwa,)
Bva Jesu She
(Bva Jesu She)
Wotibatsira,
(Wotibatsira)
Isu tose ....
(Isu tose

Chiuyai ..... timutevere She,
(Chiuyai) (timutevere She,)
Wakamuka ...... kuvakafa;
(Wakamuka) (kuvakafa;)
Tichapiwa ...... korona naye,
(Tichapiwa) (korona naye,)
Tofara nhas',..... nokudenga!
(Tofara nhas') (nokudenga!)

# Kana makatambudzwa kwazvo,

Munoda kusunungurwa,
Chirangarira Shoko raShe,
Nyasha dzaShe dzakakwana!

KORASI
Nyasha dzaShe dzakakwana.....
(She dzakakwana)
Nyasha dzaShe dzakakwana.....
(She dzakakwana)
Mukati memifaro kana nhamo,
Nyasha dzaShe dzakakwana!

Satan anondinetsa chose,
Asi ndinorangarira,
Mukati menhamo mis' yose,
Nyasha dzaShe dzakakwana!

Chikepi changu chinonetswa,
Nemhepo yavakaipa;
Asi kunaShe ndozvipira,
Nyasha dzaShe dzakakwana!

Kana upenyu hwakapera,
Ndichagogara kudenga,
Mazuva ose ndomuvonga,
Nyasha dzaShe dzakakwana!

## Dai makaziva Jesu,

Mungadai ma-i-muda,
Wakatifira vatadzi,
Tiende wo kudenga!

KORASI
Dai makaziva Jesu,
Mungadai ma-i-muda!
Dai makaziva Jesu,
Mungadai maizvipira!

Dai makaziva Jesu,
Kana rugare rwake,
Mungadai maimutevera,
Muite kuda kwake!

Dai makaziva Jesu,
Nokuchengetwa kwake,
Mungadai maimutambira,
SoM'ponesi naIshe!

Dai makaziva Jesu,
Nedenga, musha wake,
Mungadai maimuda chose,
Muponeswe wo naye!

## KORASI

Ndofa...... ra zvikuru!
(Ndofara wo)
Ndofa ...... ra zvikuru!
(Ndofara wo)
Ndofa ...... ra zvikuru!
(Ndofara wo)
Makandiponesa! (ponesa neropa)
Neropa makanatsa! (Nesimba)
Nesimba makazadza!
Ndofa ...... ra zvikuru!
(Ndofara wo)
Makandi ...... ponesa!
Saka ndoda ..... Ishe,
(Ndoda) (Ishe)
Ndikurumbidze-i chose, (chose)
Ndizivise, (Ndizivise,) wo vose, (vose,)
Vangaponeswe wo chose,
(chose neropa)
Neropa makana .... tsa! (Nesimba)
Nesimba makazadza!
Ndofa...... ra zvikuru!
(Ndofara wo)
Makandiponesa!

Ndo .... fara chose. (chose)
Nokuti makandifira
Pa .... muchinjikwa, mundipe wo
Rudo kwandiri:
Ndofara nokuti mamuka
Kuvakafa, muponese
Vanhu vose, vanotendeuka,
Vatende kwamuri,